ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЫДДОКI

№№226-227 (22.635) ● 2013 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 21, махуэку ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Спортым хуищI гулъытэм папщIэ диплом

●ПщIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен къратащ «Iэпщэрыбанэмкlэ Азием и чемпионат зэIуха егъэкIуэкIыным къаруушхуэ зэрырихьэлIам папщIэ» дипломыр. Зэхьэзэхуэр кьыщызIуахым кьыдзэхуэсахэм абыкIэ хьыбар яригъэщащ Iэпщэрыбанэмкlэ дунейпсо федерацэм и президент Астахов Сергей.

ФЕДЕРАЦЭМ и унафэщIым апхуэдэу пщIэшхуэ хуищIащ Къэбэрдей-Балькъэрым япэ дыдэу щрагъэкIуэкI мы зэхьэзэхуэр кьызэрыгъэгъэпэща щIыкIэм. Астахов Сергей зэрыжиIамкIэ, чемпионатыр езыгъэкIуэкIыну хуэфIэм яхэтащ Къэзахстаныжрэ Узбекистаныжрэ.

«Мы щIыпIэм зэхьэзэхуэр кьыщызэгъэпщIыпхьэу зэрыщытыр дэ кьыдгурыIуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен дыхуэзэ икIи республикэм спортым, хэхауэ кьащтэмэ - Iэпщэрыбанэм, зэрызыщижьыр тлъэгъуа иужь. Псалъэм кьыдэкIуэу жысIэнщи, дунейпсо зэпеуэхэр кьызэгъэпэщыным лэжьыгъэшхуэ ехьэлIэн зэрыхуэфим кьыдэкIуэу ахьшэфIи токIуадэ. Ауэ арыншауэ спортым и зы лIэужьыгъуэми иджыпсту зыпхуегъэужьынукъым, дунейпсо утыкуми екъулIэныгъэхэр кьыщыпхьыфынукъым. Ди щIыналъэм и унафэщIхэм ар фIыуэ кьагуроIуэ икIи спортым зегъэужьным йогугъуэ», - жиIащ Астахов Сергей.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуищ Iапи Iэ.

Къэрал щIыб экономикэ банкыр адэкIи къыддэлэжьэну дыщогугъ

●Ди зэпыщIэныгъэхэр

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элиз** *трихащ.*

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Храмов Константин Правительствэм и Уиэм щыхуэзащ Къэрал щIыб экономикэ банкым и Iуэхуищ Iапи Iэу Пятигорск кьалэм дэтым и унафэщI Демельханов Арсан. ЗэIущIэм щытепсэлыхьыжащ лъныкъуитIыр зэрызэдлажьэм зегъэужьыным, апхуэдэу КъБР-мрэ Къэрал щIыб экономикэ банкымрэ мэкъумэш хозяйствэм, промышленностым, ухуэныгъэм и Iнат Iэхэм щыIуэхуищ Iапи Iэхэм зегъэужьынымрэ ахэр щIэуэ хуэунымрэ ящуэгъэщуэ зэщIыгъуэ кьащта проектхэр гъэзэщIа зэрыхьым.

ПСОМ япэу си гугъу ящIахэм ящыщIу сом мелардж 5,6-рэ зи уасэ «Юг-Агро», сом мелард 23,5-рэ зи уасэ «Этана» проектхэр гъэзэщIэным Къэрал щIыб экономикэ банкыр зэрыхэтыр. А проектитIри ди щIыналъэм зегъэужьынымкIэ нэхъ мыхьэнэшхэ зиIэхэм ящыщIу икIи абыхэм япкъ иткIэ Урысей Федерацэм и къэрал щэхуитIэхэр сом мелард 20-м тещIыхьауэ кьратну щогугъ.

Къэрал щIыб экономикэ банкым и щIыхьэхэри кьагъэсэбэпуэрэ, КъБР-м щаухуа предприятэ нэхъ лъэщхэм ящыщIи «Къэббалъкъэпис» заводыр. Идкьы ар нэхъ ин ящIыну, продукцэм и лIэужьыгъуэхэми хагъэхьэуну я мурадщ. Абы папщIэ кьалэн зэмылIэужьыгъуэхэр зыгъэзэщIэн Iуэхуищ Iапи Iэу щы зытрагъэуващ, сырьем и кьихьыпIэ, кьыщIаха мывэр щалъхьж завод кьиуэIуахащ. А псоми трагъэкIуэдэн папщIэ Къэрал щIыб экономикэ банкым сом мелардж 5 кьахуну тIыпщащ.

«Къэббалъкъэпис» жуэап зэхэзгъэщхьэхукIа зыхь Iуэхуищ Iапи Iэр ящыщIу гипсмывэ кьыщыщIах Iэнат Iэ зиIэ предприятэ щыбгъэнам. КъызэрахутамкIэ, апхуэдэ сырьеуэ а щIыпIэм щыIэр тонн мелуан 25-рэ мэхьу. Заводым и лъэщагъ псори кьагъэсэбэну хуэжьа ноужь, абы илъэсым гипс мывэу кьитIэсэбэпынур тонн мин 50 хуэдизщ.

ЗэIущIэм кьрикIуахэм япкъ иткIэ, лъныкъуитIым я лIыкIуэхэр зыхэт лэжьакIуэ гупыр кьагъэщIэрэщIэжьну траухуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхуищ Iапи Iэ.

Дыгъуасэ лъандэрэ

● Ди хьэщIэхэр

Дыгъуасэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щохьэщIэ Белоруссием кьикIа промышленникхэр. Делегацэм хэтщ «Минск дэт автомобиль завод» акционер зэгухьэныгъэ зэфIэхам и генеральнэ директорым и кьуэдзэ Короткевич Дмитрий, мэкъумэш хозяйствэм папщIэ техникэ кьыщIэзыгъэкI заводым и унафэщI Бондарчик Дмитрий, «Клиринг Групп» жэуапльныгъэ зэхэзгъэщхьэкIа зыхь зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ Забеллэ Сергей сымэ.

АБЫХЭМ я мурадыр КъБР-м машинэ зыщI и предприятэ нэхъ лъэщхэм я лэжьакIэм щыгъуазэ зыщIынырщ, апхуэдэу лъэныкъуитIым я зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным кIэ щыIэ Iэмэпсымэ уэбгъуэнырщ.

Къэщ Iэхэр КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм щрагъэблэгъащ. Аэр машинэ щащI предприятэ щхьэхуэхэм яшащ. Нобэ Белоруссием и лIыкIуэхэр КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я лIыкIуэхэм я IуущIэну я мурадщ.

БЭГЪУЭТ Лианэ.



Iуэху щэщIым щIигъукIэ зэгуроIуэ

СНГ-м хэт къралхэм я правительствэхэм я унафэщIхэм я советым и зэIущIэу Санкт-Петербург щыгъэхэтам унафэ щытращIыхащ щIыналъэхэм я сэфIэн зыхъэль Iуэху щэщым щIигъуэм.

Зытепсэлыхьахэм ящыщIу пэрыуэнщэу сату щащI щыIэ пIэхэм я теуухуа зэгурыIуэныгъэу ильэситI и пэкIэ кьащтар зэрагъэзащIэр; электрокъарур, газыр къэлэжьыным, ахэр щэн-кьэщхуным я Iуэху зыIутхэр; а Iэнат Iэхэм дяпэкIэ зэрызагъэужьынущIыкIэр.

ЗэIущIэм Iэ щыградзащ щынагъэншагъэр кьыдэгъэпэщыным щыгъэдзэкъэным, къэрал щIыбым сату зэпыщащIыр таможнэхэм кьызэралытэ щIыкIэхэр зы мардэм тегъэувэным, ирагъэкIуэкI щIалэгъуалэ политикэм теуха зэгурыIуэныгъэхэм.

Экономикэм, политикэм пыщIа Iуэхухэм ямышI, Зэгухьэныгъэм хэт къэрал псоми я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхумкlи - совет цIыхубэр Хэку зауэшхуэм зэрыщытекIуэрэ илъэс 70 зэрырикъум зыхуэгъэхьэзырынымрэ ар Iэтауэ зэдагъэпэлъэнIэнымкIэ зэгурыIуахэщ.

Сом мелард 32,4-рэ хухах

УФ-м и гъэзэгъэм щынагъэншагъэр кьыщызэгъэпэщным ильэс гъунэгъуэхэм сом мелард 32,4-рэ текIуэдэнущ. Апхуэдэ бжыгъэхэр хэIущIыIу ищIащ къралым и Правительствэм.

«2013 - 2020 гъэхэм гъэзэгъэм щынагъэншагъэр кьыщызэгъэпэщыну» федеральнэ программэр гъэзэщIэным хухах а ахъшэр. «Программэр нэхъыщхьэу зыхуэзгъэнIар гъэзэгъэм кьыщыхьу насыпышагъэхэм щIыхуу хэкIуадэм я бжыгъэр гъэмэщIэныгъ. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а Iуэхум текIуэдэнур мыпхуэдэу тедгъэшащ: УФ-м и бюджетым щыщу сом мелард 17,19-рэ, къралым и щIыналъэхэм я мылькуу - сом мелард 14,16-рэ, бюджетхэм щымыщ ащхуэу сом мелард 1,06-рэ», - щыжиIащ УФ-м Экономикэ зыужьынымкIэ и министерствэм.

Мы махуэхэм

Щкlуэгъуэм и 21, *махуэку*

♦Философием и дунейпсо махуэщ
♦Тутын ефныр мыдным и дунейпсо махуэщ
♦Хьуэхьум и дунейпсо махуэщ
♦Сэлам зэхьным и дунейпсо махуэщ
♦Урысей Федерацэм и налог органхэм я лэжьакIуэм и махуэщ
♦У Ф-м щагъэлъапIэ Бухгалтерым и махуэр
♦ЩкIуэгъуэм и 21 - 25-хэм Санкт-Петербург щекIуэкIынущ самбэмкIэ дунейпсо чемпионат.

♦Сурэтыщ I-живописец **Маргьущ Анатолэ** и ныбжьыр ильэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрыгъэлъэгуэнущ. Налшык пшэрэ техьэ-текIыу щыщIыгъэнущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 3 - 4 щыхьэнущ.

Щкlуэгъуэм и 22, *мэзрем*

♦Ливан Республикэм егъэлъапIэ и щхьэхуитныгъэм и махуэр

♦1941 гъэм Ладогэ гъэлым пхыкI мыл гъэгур («ГъащIэм и гъэгу» зыфIащауэ щытар) кьыздэIуахащ.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIэу **Шыбэхьуэу Азэмэт** и ныбжьыр ильэс 73-рэ ирокъу.

♦КъБР-ми Адыгэ Республикэми щIыхь зиIэ я артист **Иуан Владимир** кьызэральхурэ ильэс 70 ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало Арсен** и ныбжьыр ильэс 65-рэ ирокъу.

♦Журналист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бесльэней Владимир** и ныбжьыр ильэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрыгъэлъэгуэнущ. Налшык пшэрэ техьэ-текIыу щыщIыгъэнущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 9, жэщым градуси 2 - 5 щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырэр ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Мариэт.

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Бжьэ матэ зи куэдым и жьантIэ дегъэувэ.

IУЛЬХЬЭ зэрыгъэIэпахым, коррупцэм пыща Iуэхуэхэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъаззэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэм.

Гъуэгур нагъэблагъэ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен республикэм ТранспортымкIэ, связымрэ Iуэгурыр хозяйствэмкIэ и министерствэм и пащхьэ иригъэувауэ кьаIэн нэхъыщхьэ Iуэхуэм щыщIу Кисловодск - Нартсанэ Ауз - Джылы-Су - Iуащхьэмахуэ гъуэгур и зэманым кьызэIухыным. Къэбэрдей-Балъкъэрым турист кластерым зыщегъэужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ икIи километр 72-м нэс зи кIыхьагъ а гъуэгур «Урысей Ипщ» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу ящхуэ.

Лэжьыгъэхэм я нэхъыбэр зэфIэкIащ. Автомобиль гъэгум щыщу километр 62-м асфальт тралъхащ. Кьэнжа километри 10-м ирогъэкъ техникэ зэмылIэужьыгъуэу 40-м щигъу кьэзыгъэсэбэп бригадэр.

ШУРДЫМ Оксанэ.

Мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ зи куэд

Я цIэ къиIуапхъэщ адрей телевидениэм къикIыу мыбы къэкIуауэ щыта журналистхэу Хьэгъундокъуэ Сэлисэт (иджыпсту адыгэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэщ), Бищlо Iэсият (урыс редакцэм и редактор нэхъыщхьэщ), Кьардан Аслъэн (хьыбарегъащIэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэщ), оператор хэзыгъэкIа Ботаев Мурат, режиссерхэу Сэралъп Самарэ, Аккаев Расул, Хьэщыкъуэ Раисэ, Гемуевэ Марзият, КIуэкIуэжь Людмилэ, Шаханова Нафисэт, Голиковэ Людмилэ, Абыдэ Динэ, Хасаевэ Еленэ, телевидениэм и программэр кьыщыдэкI къудамэм и лэжьакIуэхэу Щоджэн Роэзрэ Биттировэ Аминатрэ.

Абыхэм кьахьыжащ лъэпкъыбзищымкIи нэтынхэр зыгъэхьэзыр, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, фIыкIэ дызыщыгугъу лэжьакIуэ куэд: журналистхэу Коломойцев Владиславэ, Жэман Мадинэ, Суановэ Залинэ, Хьэпцlэ Аня. Ягъэхьэзыр нэтынхэм удахьэхыу, телевидениэм и кьалэн нэхъыщхьэр - цIыхур хэкупсэу гъэсэн зэрыхуэмар - къэгурыIуэу лажьэхэу Хьэужэ Жаннэ, Щоджэн Мурат, Фырэ Анфисэ, Мыз Залинэ, Аппаевэ Жаннэтэ, Тевавева Зурьят, Богачевэ Иринэ, Бжьахъуэ Лолэ, Сэралъп Самарэ, Асановэ Кlулинэ, Ахъуэбэч Аслъэн, Мэлбахъуэ Илианэ, Османовэ Эвелинэ, Кьардан Залинэ, Дол Марианнэ, Ярославская Маринэ, Хьуэт Алим, Гериевэ Асият, Магомедовэ ФатIимэ, Сурхайхановэ Аннэ, Ахьяевэ Залинэ сымэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Гъуэгум и щIэныгъэ

●Нобэ Телевиденэм и дунейпсо махуэщ

Телевиденэм щагъэлъапIэ, абы и махуэр зытрагъэхуа щэкIуэгъуэм и 21-м ирихьэлIэу я Iуэхуищ Iапи Iэм и пэжыгъэм, и мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ тедгъэпсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр БТК» (+1 КъБР-) къэрал Iуэхуищ Iапи Iэм и унафэщIым и къуэдзэ Токъмакъ Светланэ.

- Илъэс зыбжанэ ипэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэр зэхуащIыжьыным нэсвуэ щытащ, хъыбарыщIэхэм фIэжIа нэгъуэщI нэтынхэм пэмIуэ ахъшэм эфир зэманм кърамытыж хъуэху. А щытыкIэ гугъум дауэ къикIа Iуэхуищ Iапи Iэр, ар зи фIыщIэу къэплъытэри сыт е хэт?

- 2005 гъэращ ар зытехуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и телевиденэ игъэлэжьэну хуейм, езы республикэм къызэгурыIэщIыжыну унафэ ящIат. ИпэкIэ дыздэщыIа телевиденэм къикIыу мыбы къэкIуа пэжьакIуэхэр - ар журналист, режиссер, оператор, монтажер ирехьуи - телевиденэр зыхъумауэ жыпIэ хьунур. Зэрытрахын камерэ, монтаж щащIын пэш, уеблэмэ зыпэрытIысхьэн стIол ямыIэу къыщIадзащ, телевиденэр гукIи псэкIи фIыуэ яльагъуу, абы и мыхьэнэр къагурыIуэу щымытамэ, ар яхуэзэфIэкIыну къыщIэкIынтэкъым.

Я цIэ къиIуапхъэщ адрей телевидениэм къикIыу мыбы къэкIуауэ щыта журналистхэу Хьэгъундокъуэ Сэлисэт (иджыпсту адыгэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэщ), Бищlо Iэсият (урыс редакцэм и редактор нэхъыщхьэщ), Кьардан Аслъэн (хьыбарегъащIэ редакцэм и редактор нэхъыщхьэщ), оператор хэзыгъэкIа Ботаев Мурат, режиссерхэу Сэралъп Самарэ, Аккаев Расул, Хьэщыкъуэ Раисэ, Гемуевэ Марзият, КIуэкIуэжь Людмилэ, Шаханова Нафисэт, Голиковэ Людмилэ, Абыдэ Динэ, Хасаевэ Еленэ, телевиденэм и программэр кьыщыдэкI къудамэм и лэжьакIуэхэу Щоджэн Роэзрэ Биттировэ Аминатрэ.

Абыхэм кьахьыжащ лъэпкъыбзищымкIи нэтынхэр зыгъэхьэзыр, щIэныгъэ зыбгъэдэлъ, фIыкIэ дызыщыгугъу лэжьакIуэ куэд: журналистхэу Коломойцев Владиславэ, Жэман Мадинэ, Суановэ Залинэ, Хьэпцlэ Аня. Ягъэхьэзыр нэтынхэм удахьэхыу, телевиденэм и кьалэн нэхъыщхьэр - цIыхур хэкупсэу гъэсэн зэрыхуэмар - къэгурыIуэу лажьэхэу Хьэужэ Жаннэ, Щоджэн Мурат, Фырэ Анфисэ, Мыз Залинэ, Аппаевэ Жаннэтэ, Тевавева Зурьят, Богачевэ Ириндж, Бжьахъуэ Лолэ, Сэралъп Самарэ, Асановэ Кlулинэ, Ахъуэбэч Аслъэн, Мэлбахъуэ Илианэ, Османовэ Эвелинэ, Кьардан Залинэ, Дол Марианнэ, Ярославская Маринэ, Хьуэт Алим, Гериевэ Асият, Магомедовэ ФатIимэ, Сурхайхановэ Аннэ, Ахьяевэ Залинэ сымэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Щымахуэ псом лъэрыжэкIэ къэвжыхь!

●ЩIэ

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и унафэкIэ Налшык щаухуэ сабийхэм щIымахуэм лъэрыжэкIэ кьыщажьыным щIэпIэ. Абы метр 22х31 и инагъыу щытынущ икIи дызыхуэкIуэ мазэм и пэщIэдзэм хьэзыр хъунущ. Иджыпрей технологиехэр кьызэрагъэсэбэпынум кьыхэкIыу абы щIыпIухэм лъэрыжэкIэ щIымахуэ псом кьыщажьхьыфынущ.

ЛъэрыжкIэ кьэжьхьыпIэр щIыпIу куэд щызэблэкI Абхъаз утым щызэтрагъэувэ. Иджыпсту абы и лъабжьэр ягъэтIылъащ, псымрэ электрокъарумрэ ирашэIащ. Псыр зыгъэщIыну Iэмэпсымэр ягъэув. «Иджырей спорт технологиехэр» компаниим и лIыкIуэ Кошин Андрей кьызэрыжиIамкIэ, мыгувэу кьыIэрыхьэнущ псыр зэрытракIэр икIи мылыр зэрагъэджафэ комбайн.

УЯНАЕВЭ Заринэ.

Дунейм и щытыкIэнур

Мэжджыт кьыщызэIуах

АДЫГЭЙ. ***Республикэм и Тэхъутэмыкъуей районым хьыхь Новый сад жылагъуэм дэт тезырхэр щагъэзэжкIуэж колоните №2-м мэжджыт кьыщызэIуахащ.***

КОЛОНИЕМ тезырхэр щрахьэжI Адыгейм, Кавказ Iащхьэрэм и адрей республикэхэм, Кьалмыкыым, Краснодар крайм щыщхэу цIыху 500-м щIигъум. А Iуэхуищ Iапи Iэм муслымэм жэмыхьэт 1998 гъэ лъандэрэ щыIэщ. Администрацэм диныр зезыхьэхэм нэхъапэмэ тхьэелъэIупIэ пэш яхухихауэ щытащ. Иджы мэжджыт яIэ хьуащ.

Ар кьыщызэIухым кьрихьэлIащ республикэ УФСРН-м и унафэщI Заев Юрий, Адыгеймрэ Краснодар крайм я муслымэнхэм я дин Iуэхуищ Iапи Iэм и муфтий Кьардэн Аскэрбий, нэгъуэщI кьулыкъущIэхэр, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр. Муфтийм и унафэкIэ мэжджытыщIэм и унафэщI хьуащ тезырыр езыхьэкIхэм ящыщ. ЯгъэтIысахэм я мусылымэ жэмыхьэтым и лэжьыгъэм я нэгъэ тетыныуэ Адыгейм и Тохьутэмыкъуей районым и Iимам Мысэ Асфар.

Ныбжьыщlэ 400 армэм дагъэкI

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Бжьыхьэм армэм праджажмкIэ Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм ящыщу Къэрэшей-Шэрджэсыр япэ итщ. Республикэм щыщ ныбжьыщIэ 400 сэлэт хьуащ.***

КЪЭРЭШЕЙ-Шэрджэсым и дзэ комиссар Темиров Эсрэн зэрыжиIамкIэ, Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда Къарухэм щIалэщIэхэр праджажьмкIэ къыпэщыт кьалэныр нэсу ягъэзащIащ. Абыхэм я фIагъым хэхъуащ. Ираджахэм я процент 30-м щIигъум щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ. Ику иту Урысейм кьыщыпщтэмэ, ар процентри 10-кIэ нэхъыбэщ.

Мэзкуу и унэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и кьалащхьэ Сухум «Мэзкуу и унэ» щэнхабзэ-IуэхуэхьэпIэ центр кьыщызэIуахащ. Абы кьырихьэлIащ Абхъазым и Iэтащхьэ Анкваб Александр, УФ-м и Президентым и администрацэм щыналъэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм и унафэщI Чернов Владимир, Урысейм и лIыкIуэу республикэм щыIэ Григорьев Семён сымэ.***

- «МЭЗКУУ и унэр» Урысейм я Абхъазымрэ зэпызыщIэу щытыныщ. Ди тхьаегъэ зыщ, ди цIыхухэр зэпэгъунэгъущ. Унэр кьызэIудох урысей-абхъаз формэм щекIуэкIым жиуIащэу, - кьыжиГъащащ Анкваб Александр. - Си фIэщ мэхъу лъэныкъуитIми ди зэпыщIэныгъэхэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэхугъуэ дахэхэр абы зэрыщекIуэнымкIэ, кьэкIуэнум зэдэлэжьэныгъэм теуха зэгурыIуэныгъэхэр абы щызэтщIыпIэну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Ди хьэщIэхэр

Дыгъуасэ лъандэрэ

Дыгъуасэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щохьэщIэ Белоруссием кьикIа промышленникхэр. Делегацэм хэтщ «Минск дэт автомобиль завод» акционер зэгухьэныгъэ зэфIэхам и генеральнэ директорым и кьуэдзэ Короткевич Дмитрий, мэкъумэш хозяйствэм папщIэ техникэ кьыщIэзыгъэкI заводым и унафэщI Бондарчик Дмитрий, «Клиринг Групп» жэуапльныгъэ зэхэзгъэщхьэкIа зыхь зэгухьэныгъэм и Iэтащхьэ Забеллэ Сергей сымэ.

АБЫХЭМ я мурадыр КъБР-м машинэ зыщI и предприятэ нэхъ лъэщхэм я лэжьакIэм щыгъуазэ зыщIынырщ, апхуэдэу Iэнатыгъэхэм я зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным щыIэ Iэмэпсымэ уэбгъуэнырщ.

Къэщ Iэхэр КъБР-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм щрагъэблэгъащ. Аэр машинэ щащI предприятэ щхьэхуэхэм яшащ. Нобэ Белоруссием и лIыкIуэхэр КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я лIыкIуэхэм я IуущIэну я мурадщ.

БЭГЪУЭТ Лианэ.

2013 гъэм и гъэсакIуэ нэхъыфI

ДыщэкIым и дерсхэр

Щкlуэгъуэм и 11-м кьыщыщIэдзауэ и 16 пщIондэ Москва щекIуэкIащ «2013 гъэм и гъэсакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы фIыкIэ зи цIэ кьыщIатIахэм ахъэхуащ Налшык дэт Сабий сад №50 МКДОУ-м и гъэсакIуэ ДыщэкI Алесэ.

«ДЖЭГУКГЭХЭМРЭ зэрыджэгу хьэпшыпхэмрэ» номинацэм и лауреат хьуа гъэсакIуэ Iэзэм ита дерсхэр нэхъыфIу кьыщалъытащ УФ-м и щIыналъэ зэмылIужьыгъуэхэм кьикIа цIыху 60-м я зэфIэкI щагъэлъэгъуа зэпеуэм.

Iыхьищу гузэщау зэхэта зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэрэ я творческэ зэфIэкIхэм теухуауэ ягъэхьэзыра лэжьыгъэхэр зэпеуэм хэтхэм заочнэу я гъэсакIуэхэр, Москва психологиемрэ педагогикэмкIэ дэт и университетым щIэнпэу щрагъэджену зэрыграгъэблагъэмкIэ абы дэфтэр кьратащ. КьыхэгъэщIыпхъэщ ар цIыхуитIым фIэкIа зэралъымысар.

«2013 гъэм и гъэсакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэр кьызэрагъэпэщащ УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ Урысейм и Профсоюзхэм я Совет Нэхъыщхьэмрэ.

ЛЬОСТЭН Муз.

Щхьэрычэтыщlэ

Шэсыпlэ йоувэ

Хьэрычэтыщlэ мащIэмрэ курытхэмрэ пэрытхэу 8-м «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и щэсыпIэ фондым» псори зэхэту сом мелуан 39-м щIигъу кьаритынущ.

АПХУЭДЭ унафэ кьащтащ проектхэм хэлъэныкъмкIэ комиссэм и зэIущIэм. КБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Марыщ Ириндж ар иригъэкIуэкIащ.

Щэсыпlэ фондым и фыгъэкIэ сом мелуан 58-м щIигъу мэкъумэш хозяйствэм, сатум, промышленностым я Iэнатlэхэм халъхьэнущ абыхэм зрагъэужьын мурадкIэ.

ЩОДЖЭН Лианэ.

Ухуэныгъэ

И кlэм нагъэс

Нарткъалэ щахуэу фэтэр 12 хъу псэупIэ унэ. Ар къраГъэжьащ мы гъэм и фокIадэм.

«КХЪАХЭ хьуа псэупIэхэм щыIэхэр къыщIэгъэIэпхъуныкIын- программэм ипкъ иткIэ, федеральнэ бюджетым кънутIыпща сом мелуан 14,5-рэ а ухуэныгъэм хухахащ. Мы зэманым абы и унащхьэ трагъэхьэ. А лэжьыгъэр махуинщIым кьрибудэу зэфIагъэхьынущ. Абы кьыдэкIуэу ягъэув газ, псы зэрекIуэлIэну бжьэмрэкIэр.

УхуакIуэхэм я унафэщI Балъкъэр Вадим кьызэрыджиIамкIэ, 2013 гъэм дзэгъэзащ и 29-м Нарткъалэ щыщ унагъуэ 12-м унэщIэ хьэхуэкIэ псэупIэщIэм щаIэтынущ.

СОКЪУР Риммэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэу пщIэ зыхуэтщIхэ!

КъБР-м и къалэ округхэмрэ муниципалитетэ районхэмрэ щыпIэ унафэр зезыгъэIуэ я органхэм я лэжьакIэр зыхуэдэр кьапщытэн папщIэ цIыхухэм Интернеткlэ йоутщI. Абы хэтыну хуейхэм **www. pravitelstvokbr.ru** сайтым «Внимание: соцопрос!» баннерыр кьыщыщIагъэщу езыхэм я районым, къалэм щыпIэ унафэр щызезыгъэкIуэ органхэм я лэжьэкIэр кьызэралытэр иратхэ хьунущ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм къэрал кIуэцI политикэмкIэ и управленэ.

● Махуэшхуэ зыгьэпсэфыгьэ

Гулъытэ зыбгъэдэлъхэр

Полицыэм и участковэ уполномоченнэхэм я къулыкъур къызэрыгъэпсэфэщ ильэс 90 зэрырикъум теухуа зэIущIэ Къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм щыгъэкIащ. Абы кырикъэлIащ ветеранхэр, жылагъуэ зэгурыIонигъэхэм я лIыкIуэхэр, зи мафхуэр зыгъэлъапIэ участковэхэр.

КъЫЗЭХУЭСАХЭМ захуэзыгъэза къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэм и къалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащIэ полицэм и полковник **Тату Къазбэч** къапэщыт къалэнхэр зэфIэхыным участковэхэр жыджэру зэрыхэтым, я лжьыбгъэр хьалэлу зэрагъэзащIэм гулъытэ хэха хуищIащ.

Участковэхэр цIыхухэм нэхъ япэгъунэгъуэм ящыщщ. Абыхэм я лжьыбгъэр щрахьэкI уэрамхэм, пщIантIэхэм, еджапIэхэм. Щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ къуажэхэм я къалэн щызыгъэзащIэхэм. Абыхэм я нэIэм щIэтщ жылагъуэм 5 - 6 икIи щыхуэхэм я щынагъуэншагъэр яхьумэу япэу щIэпхъаджащIэхэм япоув. Иужьрей ильэсхэм я къалэн ягъэзащIэу полицэм и участковэ уполномоченнэ 20 хэкIуэдащ. ЗэIущIэм кьырихьэлIаxэр абыхэм я фэеплъым пщIэ хуищIу дакъикъэкIэ щымащ.

Си махуэшхуэгъэ щыгъэзащIэхэм псалъэ гуапэхэмкIэ зыхуагъэзащ КъБР-мкIэ МВД-м и штабым и унафэщI **Дронин Александр**, полицэм и полковник **Шорэ Алик** КъБР-мкIэ МВД-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Думай Борис** сымэ.

Лэжьакlуэ нэхъыфIхэр зэIущIэм щагъэзэпIащ.

Къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iэхуэщ1ап1э.

Илъэс 20-р мащIэкъым

Урысейм Тезырхэр ирегъэхъэкIынымкIэ и федеральнэ къулыкъым и управленэу КъБР-м щыIэм и «Вулкан» кьудаемэ хэхар кьыззэрызэрагъэпэщэ илъэс 20 зэрырикъур ягъэлъэпIащ.

УИС-м и лэжьакIуэхэу зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тральхэри, махуэшхуэ зэIущIэр кьыхэIуфхащ.

«Вулкан» ОСН-м и унафэщI къэрал кIуэцI кьулыкъум и полковник КIыщыкIуэ Валерэ гупыр узбэхуэ зэрыхъуамрэ абы и лэжьыгъэм и унэтIынымрэ нэхъыщхьэхэмрэ кьыгъеувыIащ.

- Гуп щхьэхуэм хагъэхьэнухэр кьыщыхахкIэ нэхъыбэу зытрагащIэр физическэу псыхьаэу, психологие и лъэныкъуэкIэ уэзщIауэ щыIэнырщ, - кьыхэгъащ КIыщыкIуэм, - ОСН-м и унафэщIхэр зэгъэуIуа гупхэм ящыгъуу террорым пэщIэту Кавказ Iшхьэрэм щекIуэкIа Iэхуэхуэхэм хэтащ. Кьудаемэм и лэжьакIуэхэм кьагъэльэгъуа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ папщIэ мызэ-мытIуэ къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр кьыхуагъэфэщащ. Ди жагъуэ зэрыхьущи, хэщIыныгъэншэу кьэнакьым. 2000 гъэм террорым пэщIэт Iэхуэгъуэхэр Шэшэным щрагъэкIуэжIыу Бартошек Владислав хэкIуэдащ.

Илъэс 20-р зыгъэльапIэ юбилярхэм екъуэхъуащ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм и ветеран отставкэм щыIэ полковник Нэгуэ Муэмэд.

Урысей ФСИН-м и Iэхуэщ1ап1э КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ къэрал кIуэцI кьулыкъум и полковник Теувэжыкъуэ Мурадин Урысей ФСИН-м и Iэтащ1эхэм кьагъэхьа хуэхъуу телеграммэхэм кьеджащ. «Вулкан» ОСН-м и кьалэн мытынщыр адэкIи зыхуей хуэзэу, нэсу зэрызэфIихынур и фIэщ зэрыхъур жиIащ.

КъБР-мкIэ УФСИН-м и унафэщIхэм кьабгъэдэкI хуэзэху, псалъэ гуапэ хуэ1 зэхэщ а махуэм КСИ-м и лэжьакIуэхэм. Зи кьалэным хуэпэжхэм дамыгъэхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ ираташ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Шэрэдж щIыналъэ

Щ1ымахуэм зыхуагъэхьэзыр

Шэрэдж районыр ди республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм зэрыхиубыдэм кьыхэкIыу, гъэ кьэс бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэжэм пасэу икIи ёгугъуу зыхуагъэхьэзырын хуей мэхъу.

МЫ ИЛЪЭСМИ районым и унафэщIхэр бэлэрыгъакъым. ПсэупIэ унэхэмрэ лэжьапIэ Iэнатlэхэмрэ и чэзум щIадзауэ кьыхьхуэтыншэу кьагъэлъэ. Районым и псэупIэ-коммуналкэ хозяйствэм и Iэщ1агъэлIхэр щыIэхуэ икIыу мыбзэлрыгъыу кIэлъыплъынущ котельнэхэм щIэт хьэкуэм я лжьэкIэм, псы хуабэ зрикIуэ бжьамийхэм я щытыкIэр зыхуэдэм. ЖКХ-м и Iэщ1агъэлIхэм кьадэкIуэу, кьалэныкIуэ я пщэ дэлъщ. «Шэрэдж ДРСУ» ОАО-м и лэжьакIуэхэм. Гъэзэгу ремонт лэжьыгъэхэм кьадэкIуэу, мыбыкъэм техникэу яIэр щIымахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзыращ. Кьапщтэмэ, иджыпсту ремонт ящIащ дунейр щтырыгъу кьыщыхьу лъэхъэнэхэм дежи пшахьуэр зэрызэбграпхъ машинэу 4, автогрейдеру 3, самосвалу 2, бульдозеру 1. Апхуэдэу гъэзгум трактуту шыгъуу зыхуеинум хуэдиз ягъэтIылъащ.

«Шэрэджгаз» ОАО-м кьегъэщIылIа бжьамийхэр кьаhэ щымыIэу кьызыхуэтыншэщ. «Электросеть»-м и лэжьакIуэхэм пщIащэ пылъэлъыжьыгъуэм ирихьэлIэу зэран хъуну зыхуагъэфащэ жыг щхьэкIэхэр паупщI, хьэщхьэтеуэм кьыришэх тек кIапсэхэр жьхэмэцын хуэдзу.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Iуащхьэмахуэ къулыкъ

Гулъытэ зыбгъэдэлъхэр

Полицыэм и участковэ уполномоченнэхэм я къулыкъур къызэрызэрагъэпэщэрэ илъэс 90 зэрырикъум теухуа зэIущIэ Къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм щыгъэкIащ. Абы кырикъэлIащ ветеранхэр, жылагъуэ зэгурыIонигъэхэм я лIыкIуэхэр, зи мафхуэр зыгъэлъапIэ участковэхэр.

КъЫЗЭХУЭСАХЭМ захуэзыгъэза къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэм и къалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащIэ полицэм и полковник **Тату Къазбэч** къапэщыт къалэнхэр зэфIэхыным участковэхэр жыджэру зэрыхэтым, я лжьыбгъэр хьалэлу зэрагъэзащIэм гулъытэ хэха хуищIащ.

Участковэхэр цIыхухэм нэхъ япэгъунэгъуэм ящыщщ. Абыхэм я лжьыбгъэр щрахьэкI уэрамхэм, пщIантIэхэм, еджапIэхэм. Щхьэхуэу къытеувыIапхъэщ къуажэхэм я къалэн щызыгъэзащIэхэм. Абыхэм я нэIэм щIэтщ жылагъуэ 5 - 6 икIи щыхуэхэм я щынагъуэншагъэр яхьумэу япэу щIэпхъаджащIэхэм япоув. Иужьрей ильэсхэм я къалэн ягъэзащIэу полицэм и участковэ уполномоченнэ 20 хэкIуэдащ. ЗэIущIэм кьырихьэлIаxэр абыхэм я фэеплъым пщIэ хуищIу дакъикъэкIэ щымащ.

Си махуэшхуэгъэ щыгъэзащIэхэм псалъэ гуапэхэмкlэ зыхуагъэзащ КъБР-мкlэ МВД-м и штабым и унафэщI **Дронин Александр**, полицэм и полковник **Шорэ Алик** КъБР-мкlэ МВД-м и Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Думай Борис** сымэ.

Лэжьакlуэ нэхъыфIхэр зэIущIэм щагъэзэпIащ.

Къэрал кIуэцI Iэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iэхуэщ1ап1э.

Илъэс 20-р мащIэкъым

Урысейм Тезырхэр ирегъэхъэкIынымкIэ и федеральнэ къулыкъым и управленэу КъБР-м щыIэм и «Вулкан» кьудаемэ хэхар кьыззэрызэрагъэпэщэрэ илъэс 20 зэрырикъур ягъэлъэпIащ.

УИС-м и лэжьакIуэхэу зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тральхэри, махуэшхуэ зэIущIэр кьыхэIуфхащ.

«Вулкан» ОСН-м и унафэщI къэрал кIуэцI кьулыкъум и полковник КIыщыкIуэ Валерэ гупыр узбэхуэ зэрыхъуамрэ абы и лжьыгъэм и унэтIынымрэ нэхъыщхьэхэмрэ кьыгъеувыIащ.

- Гуп щхьэхуэм хагъэхьэнухэр кьыщыхахкIэ нэхъыбэу зытрагащIэр физическэу псыхьаэу, психологие и лъэныкъуэкIэ уэзщIауэ щыIэнырщ, - кьыхэгъащ КIыщыкIуэм, - ОСН-м и унафэщIхэр зэгъэуIуа гупхэм пэщIэту Кавказ Iшхьэрэм щекIуэкIа Iэхуэхуэхэм хэтащ. Кьудаемэм и лэжьакIуэхэм кьагъэльэгъуа хахуагъэмрэ лIыгъэмрэ папщIэ мызэ-мытIуэ къэрал, ведомствэ дамыгъэхэр кьыхуагъэфэщащ. Ди жагъуэ зэрыхьущи, хэщIыныгъэншэу кьэнакьым. 2000 гъэм террорым пэщIэт Iэхуэгъуэхэр Шэшэным щрагъэкIуэжIыу Бартошек Владислав хэкIуэдащ.

Илъэс 20-р зыгъэльапIэ юбилярхэм екъуэхъуащ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм и ветеран отставкэм щыIэ полковник Нэгуэ Муэмэд.

Урысей ФСИН-м и Iэхуэщ1ап1э КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащIэ къэрал кIуэцI кьулыкъум и полковник Теувэжыкъуэ Мурадин Урысей ФСИН-м и Iэтащ1эхэм кьагъэхьа хуэхъуу телеграммэхэм кьеджащ. «Вулкан» ОСН-м и кьалэн мытынщыр адэкIи зыхуей хуэзэу, нэсу зэрызэфIихынур и фIэщ зэрыхъур жиIащ.

КъБР-мкlэ УФСИН-м и унафэщIхэм кьабгъэдэкI хуэзэху, псалъэ гуапэ хуэ1 зэхэщ а махуэм КСИ-м и лэжьакIуэхэм. Зи кьалэным хуэпэжхэм дамыгъэхэмрэ фэеплъ саугъэтхэмрэ ираташ.

УАРДЭ Жантинэ.

● Шэрэдж щIыналъэ

Щ1ымахуэм зыхуагъэхьэзыр

Шэрэдж районыр ди республикэм и бгылъэ щIыпIэхэм зэрыхиубыдэм кьыхэкIыу, гъэ кьэс бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэжэм пасэу икIи ёгугъуу зыхуагъэхьэзырын хуей мэхъу.

МЫ ИЛЪЭСМИ районым и унафэщIхэр бэлэрыгъакъым. ПсэупIэ унэхэмрэ лэжьапIэ Iэнатlэхэмрэ и чэзум щIадзауэ кьыхьхуэтыншэу кьагъэлъэ. Районым и псэупIэ-коммуналкэ хозяйствэм и Iэщ1агъэлIхэр щыIэхуэ икIыу мыбзэлрыгъыу кIэлъыплъынущ котельнэхэм щIэт хьэкуэм я лжьэкIэм, псы хуабэ зрикIуэ бжьамийхэм я щытыкIэр зыхуэдэм. ЖКХ-м и Iэщ1агъэлIхэм кьадэкIуэу, кьалэныкIуэ я пщэ дэлъщ. «Шэрэдж ДРСУ» ОАО-м и лэжьакIуэхэм. Гъэзэгу ремонт лэжьыгъэхэм кьадэкIуэу, мыбыкъэм техникэу яIэр щIымахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзыращ. Кьапщтэмэ, иджыпсту ремонт ящIащ дунейр щтырыгъу кьыщыхьу лъэхъэнэхэм дежи пшахьуэр зэрызэбграпхъ машинэу 4, автогрейдеру 3, самосвалу 2, бульдозеру 1. Апхуэдэу гъэзгум трактуту шыгъуу зыхуеинум хуэдиз ягъэтIылъащ.

«Шэрэджгаз» ОАО-м кьегъэщIылIа бжьамийхэр кьаhэ щымыIэу кьызыхуэтыншэщ. «Электросеть»-м и лэжьакIуэхэм пщIащэ пылъэлъыжьыгъуэм ирихьэлIэу зэран хъуну зыхуагъэфащэ жыг щхьэкIэхэр паупщI, хьэщхьэтеуэм кьыришэх тек кIапсэхэр жьхэмэцын хуэдзу.

ЛЪОСТЭН Муэз.

УФ-м и Конституцэм щагъэгъуазэ

Урысей Федерацэм и Конституцэр илъэс 20 зэрырикъуэ и щIыхькIэ, Бахъсэн районым и администрацэм кьыдэжьуэ щагъэгъуазэм пашIэ зэгъэшIэ кьыззэргъэпэщащ. А жэрдэмыр кьыбгъэдэкIыу куейм и щIыпIэ самоуправленэмрэ хэхакIуэ комиссэмрэ.

ЗЭIущIэм кьрыхьэлIащ район администрацэм и Iэтащ1ахьэм и кьудэзэ Iэхьуэбэгъ Анзор, щIыпIэм и хэхакIуэ комиссэм и унафэщI Бещтокъуэ Хьэмидий, егъэджэныгъэмкIэ управленэм и лэжьакIуэ Тхьэмокъуэ Лидэ, «Урысейм и щIэблэщIэ гвардие-м щIыналъэм щиIэ кьудамэм и пашэ Iуащ1ысокъуэ Юлэ сымэ.

Конституцэм и тхыдэмрэ абы и зэхэтыкIэмрэ ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Iэхьуэбэч Анзор. Абы щIэблэм яжриIащ ныдэлъфыгъэ и закон нэхъыщхьэхэр зэрыт экземпляр щхьэхуэ Президентым и библиотекэм зэрыщахьумэр.

- УФ-м и Конституцэм дыщыгъуэзэнкIэ, абы кьыхьэувэкIэ дгъэзэщIэныр ди лэжьакIуэ Тхьэмокъуэ Лидэ, «Урысейм и щIэблэщIэ гвардие-м щIыналъэм щиIэ кьудамэм и пашэ Iуащ1ысокъуэ Юлэ сымэ.

Конституцэм и тхыдэмрэ абы и зэхэтыкIэмрэ ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Iэхьуэбэч Анзор. Абы щIэблэм яжриIащ ныдэлъфыгъэ и закон нэхъыщхьэхэр зэрыт экземпляр щхьэхуэ Президентым и библиотекэм зэрыщахьумэр.

- УФ-м и Конституцэм дыщыгъуэзэнкIэ, абы кьыхьэувэкIэ дгъэзэщIэныр ди гъаязэ дызэрыщIамкIэ, уэс кьъхьэм уэзрыпэщIэтыну рагъэкIэр гъэхьэзырыныр куэд щIауэ ягу ирыт. ЗэрыфищIыщи, ди кьуршхэм иджыпстуи кьыщагъэсэбэпыр собет лъэхъэнэм кьытхуигъэна «зенитнэхэрщ». Аxэр жыI зэрыхъуам ирыгъэкIуэу икIи хьэлIэу и кьэгъэсэбэпныбэ гупуехь щхьэхуэхэри хэтыщ. «Телемеханика»-м и жэрдэмщ ныдыIигъащ Сергиев-Посад къалэм ракетэхэм щелезкIуэ дэт институтым. ЛъэныкъуитI зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, абы уэсым зэрыхуэз щэр щIидзауэ егъэхьэзыр. «Телемеханика»-м аxэр зезыгъэкIуэну пкъыгъэр кьызэрыщIагъэкIыну зыхуей-зыхуэфIэхэр зэтрныбгащ. Псом ящхьэращи, мы комплексыр зэрызэрыIыгъуу ныдыIуэ пIлэм иIуэ кьрахьэкI кьэхтмакъым кьымыщу юзагъэ.

РакетэщIэхэр МЧС-м щагъэунэхуащ, Сочэ щекIуэкIа форуммки щагъэлъагъуащ. Иджыпсту щыщIэдзауэ комплексым щIэупщIэхуэ иIэщ.

Михаил и лэжьыгъэм кьыпэкIуэу, фIыщIэ тхьылъэр, дамыгъэ лъапIэхэр, Ленинрыбгъэ кьызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум и щIыхькIэ медаль, цIыхухэ хозяйствэм ехъулIэныгъэ щызыIэрингъэхьаxэмрэ мэзхуэмэ щыIэкIуэм и илъэс 20-кIэ зрыхэтамрэ папщIэ бгъэхэкIыр, нэгъэщIу тыгъэхэри кьратащ.

И Iэщ1агъэм хуищIа лъагъуныгъэр Михаил и кьуэ Валерэ бгъэдилъхьащ. Ари Бахъсэн мэзхуэмэ хозяйствэм илъэс 29-кIэ щылэжьаIэ, кьыхуагъэльэгъуа Iэнатlэ куэдым пэрытащ. Иджы Ставрополь крайм и мэз хозяйствэм щыIэщ.

Кьыхуагъэфащэ Iэнатlэхэр игурэ и щхьэрэ зэтету, гу кьабзэ-псэ кьабзэу зэрызэрихьэм кьыхэкIыу Панченкэ Валерэ КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и агентствэм, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым, Урысей Федерацэм и Мэз хозяйствэм, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ, Щ1ыупсым и хъуэхуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ я министерствэхэм кьабгъэдэкIыу щIыхь тхылъэр мызэмыгIэу кьыхуагъэфащащ.

Валерэ ипхъу Панченкэ Ульянэ (Аргъэщокъуэхэ я нысэщ), мэзыр фIыуэ зыльагъу адэшхуэмрэ адэмрэ щапхъэфI кьаззрытрихам и щыхьэту, 2006 гъэ льандрэ Бахъсэн мэз хозяйствэм щолажьэ. И гуащIэхэкIыу кьыпэкIуэу, абы 2010 гъэм Ипщэ федеральнэ щIыналъэм Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым и щIыхь тхылъ кьратащ.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, илъэс 75-рэ хьуауэ Панченкэ хэзыгъэ инагъуэм щIыщ щIыхуищыр мэзым хуоджэжь.

ШАКЪ Заринэ.

● Щ1ыуэпс

Мэзым хуэлажьэ унагъуэ

Ди республикэм и мэз хозяйствэм мы зэманым щIыхь 439-рэ щолажьэ. Абыхэм зы унагъуэм щыщхэри яхэтщ.

ПАНЧЕНКЭ Михаил 1948 гъэм кьыщыщIэдзауэ, Бахъсэн мэз хозяйствэм илъэс 35-кIэ щылэжьащ. Мэзхуэмэм и дэIэпыкъуэгъуу иригъажьэри, Iэнатlэ куэд зэрихьэкIащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыри пщIэнIэу зэрырихьэкIыным яужь итащ. Ауэрэ зэкIэлъыкIуэ, Iуэхущ1апIэм и унафэщI кьулыкъур кьыхуагъэфэщауэ щытащ.

Михаил и лэжьыгъэм кьыпэкIуэу, фIыщIэ тхылъхэр, дамыгъэ лъапIэхэр, Ленинрыбгъэ кьызэралъхурэ илъэси 100 щрикъум и щIыхькIэ медаль, цIыхухэ хозяйствэм ехъулIэныгъэ щызыIэрингъэхьаxэмрэ мэзхуэмэ щыIэкIуэм и илъэс 20-кIэ зрыхэтамрэ папщIэ бгъэхэкIыр, нэгъэщIу тыгъэхэри кьратащ.

И Iэщ1агъэм хуищIа лъагъуныгъэр Михаил и кьуэ Валерэ бгъэдилъхьащ. Ари Бахъсэн мэзхуэмэ хозяйствэм илъэс 29-кIэ щылэжьаIэ, кьыхуагъэльэгъуа Iэнатlэ куэдым пэрытащ. Иджы Ставрополь крайм и мэз хозяйствэм щыIэщ.

Кьыхуагъэфащэ Iэнатlэхэр игурэ и щхьэрэ зэтету, гу кьабзэ-псэ кьабзэу зэрызэрихьэм кьыхэкIыу Панченкэ Валерэ КъБР-м Мэз хозяйствэмкIэ и агентствэм, Ипщэ федеральнэ щIыналъэм Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым, Урысей Федерацэм и Мэз хозяйствэм, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ, Щ1ыупсым и хъуэхуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ я министерствэхэм кьабгъэдэкIыу щIыхь тхылъэр мызэмыгIэу кьыхуагъэфащащ.

Валерэ ипхъу Панченкэ Ульянэ (Аргъэщокъуэхэ я нысэщ), мэзыр фIыуэ зыльагъу адэшхуэмрэ адэмрэ щапхъэфI кьаззрытрихам и щыхьэту, 2006 гъэ льандрэ Бахъсэн мэз хозяйствэм щолажьэ. И гуащIэхэкIыу кьыпэкIуэу, абы 2010 гъэм Ипщэ федеральнэ щIыналъэм Мэз хозяйствэмкIэ и департаментым и щIыхь тхылъ кьратащ.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, илъэс 75-рэ хьуауэ Панченкэ хэзыгъэ инагъуэм щIыщ щIыхуищыр мэзым хуоджэжь.

ШАКЪ Заринэ.

(Кlэуихыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап).

Мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ зи куэд

Абыхэм къарууи, зэфIэкIыуи, щIэныгъуи яIэр къагъэсэбэпри, телевиденэр щIэуэ зэфIагъэувжьауэ, ягъэлажьэжауэ аращ.

- Нобэ сыт и лжьэкIэ телевиденэм?

- Япэ дыдзу ди унафэщIу лэжьар Сановэ Иринэщ, абы кьыкIэлыкIуэу Къумахуэ Мухьэдин, иджы Дроздов Игорь. Ахэр псори зи ужь итари итри Iуэхущ1апIэм зегъэужьныщ, нэтынхэр егъэфIэкIуэнырщ. Къэбгъэльагъуэмэ, эфирым щыдиIэ зэманым сыт хьэтитI хьууэ щIэддзэри, нэтынхэм хуэхэтх а зэманыр нобэ сыхьэтитIм нэхъэсащ.

Жьыгъэ хуэйщ «Къэбэрдей-Балькъэр ВТК»-р ди республикэм и хъыбарегъащIэ Iэмал лъэщу, политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, жылагъуэ Iуэхуэхэр наIуэу къэгъэлъэгъуэныр зи пщэ кьыдахуэ Iэнатlэу зэрыщытыр. Федеральнэ, республикэ кьулыкъущIапIэхэм, къаралым и Iуэху зехьэкIэм набдзэгубдзапIэу зэрыкIэлъыплъым кьыдэкIуэу, ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэту, зэгурыкIуэу зэдзэгъэгурыкIуэныжьмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, кьалэныщхуэ егъэпсащIэ ди телевиденэм. Нэтынхэм, кьаноз щымыIэу, укъэзыхураджэр дахагъэрщ, гуапагъэрщ, нобэрей гущIэм тхуримыкъуащи, уеПлынкIэ гъэщIэгъэнщ икIи щIащцIагъэщ.

Зэманми гъащIэми я хабззэм куэдкIэ тещIыхьащ телевиденэр. Телеканал къулейкэм ещхьу, техникэ Iэмалхэмкlэ дыкьызэгъэпэщауэ пхужьIэнукъым, ауэ ди унафэщIхэр хущIокъу ди Iуэхур нэхъыфIэ зэрыхъуным, ди эфирым зэрыкагъэхъуэным. ДызыщIэхъуэпс схьхэт 24-рэ эфирым ди Iэр техуэным хуэгъэзащ ди унафэщI Дроздов Игорь, абы и чэнджэщагъу нэхъыщхьэ, НОТР-м и унафэщI Вэрокъуэ Владимир, КъБР-м щIэныгъэ центрымрэ зэгъуэгъэу ягъэхьэзыра «TeleStudio» проектым хьыхь «Адыгэбзэ зыщIэсу щIэ», «Балъкъэрыбзэ зыдоГащIэ» нэтынхэр. Адыгэбзэ, балъкъэрыбзэ ззэыгъэщIэну хуейхэм щхьэкIэ дерсхэр гъэхьэзырынкIэ зи жэрдэмыр Дроздов Игорь, Вэрокъуэ Владимир, зи гугъу сщIа щIэныгъэ центрым и лэжьакIуэ Нэгъуэй Залым сымэщ. Бзэ къэс дерси 120-рэ хуэхащи, аxэр хуэгъэпсащ ар щаухым ирихьэлIэу адыгэбзэм е балъкъэрыбзэм ирипсэльэфыным.

- Сvelтланэ, лъэпкъ телевиденэр республикэм и гъуджэхуэгъуэ щытщи, абы зэзыгъэужьыфын гуп узынщэу фызэдэлэжьэну ди гуапэщ.

Епсэлъар

ИСТЭПАН Залинэщ.

Токъмакъ Сvетланэ

Нобэрэ пщэдейрэ

Кьэзанш Людмилэ

«Урысей 1» къэрал телерадиокомпанием и Къэбэрдей-Балькъэр кьудаемэм и унафэщI Кьэзанш Людмилэ кьызэрыщIэжьыгъ. 2005 гъэм щыщIэдзауэ я лэжьыгъэм зэхъуэжьыныгъэхэр халъхьащ. Нэхъапэм хъыбарыщIэхэм фIэкI кьызыхуэмынэжауэ щыта компанием иужьрей зэманым бзищIыкIи нэтынхэр игъэхьэзыр хъуащ. Абыхэм ящыщщ «Знак вопроса», «Отцы и дети», «Литературэм и дунейм», «Цыгъуасэ, нобэ, пщэдей», нэгъэщIэхэр, цIыхухэр нобэ зыгъэпIейтейхэм нэхъ тегъэщIауэ щытхэр.

ЗИ ГУГЪУ щыIэу Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэр щIалэщ, щIэныгъэ яб-гъэдэльщ, проектыщIэхэм хуопабгъэ. Абыхэм я зэфIэкIым хагъэхьуэфын папщIэ Москва щрагъаджэ. А курсхэр кьэзыуха цIыху зыбжанэ яIэщ.

Илъэс кьэс мы телерадиокомпаниер урысей-псо зэпеуэхэм хэтщ икIи гуапэщ увыпIэфIхэр кьызэрихьыр. Урысейм и телекомпаниеу 100-м щIигъу нэгъабэ зыхэта «Байкалская волна» фестивальым япэ увыпIэ зэхъуэкIащ, щихьащ Хьэмжу Ларисэ игъэхьэзыра «Портрет в интерьере» фильмым. Ар теухуауэ щытащ КъБР-м щэнхабзэкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, цIыху Iэпщ1эльапщIэ Пlаз Александр. Къыщынэмыщ1ауэ, нэгъабэ Уфа кьалэм щекIуэкIа «Урысей радиом и лэжьыгъэ нэхъыфI» зэпеуэм Кlэбышэ Эльмирэ и нэтыным япэ увыпIэр кьихьащ.

- Ди лэжьыгъэм екъулIэныгъэ щыдиIэмэ, ар зи фIыщIэр пщIэ зыхуэтщI, ди япэ ита нэхъыжьыфIхэрщ. Абыхэм зэфIагъэзихаулIа япэ увыпIэ зэрытхъумэным

Экономикэ Политикэ

Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

● Абы куэд топсэлъыхь

Радиацэм егъэпIейтей

Урысейм и Парламентым аргуэру кIыIэтащ КъуэкIыпIэ Жыжьэм и тенджызхэм радиацэ щынагъуэ щыIэу зэрыжаIэм тегъэуцуэ.

«ХЭТ САХАЛИН и лъапэ атом бомбитI щызэпгъэтIылъар?» - апхуэдэ упщIэ «КП»-м и IэжьакIуэм яритащ илъэс 37-рэ и пэкIэ къэхъуэ мы Iуэхур щIэрыщIэу къыдэхъыжэхажэм: 1976 гъэм Сахалин и гъунэгъуу ШыIэныгъэ псы дэжьи IэмэкIэ щхъэкIэ атом бомбитIыр щыIэнтIэм хэхуащ сокет кхъухьлатэ бомбзэсхэр эн. Абы кIэрыщIа атом бомбитIыр кыигъуэтри, США-м и псыщIагъэкIыIэ кхъухьым Америкэм ишащ. Арщхьэкlэ, нэгъуэщIхэм я псалъэхэм ятепщIыхьмэ, ЦРУ-р ащыгъэ атом Iэщхэзрэтэкъым, атIэ езы кхъухьлатэм пкърыль пкыгъуэ гуэрхэрт.

Мы хьыбарыр кыыхэткащ Хы хуэм флотым тIасхъэщIэх Iэнатlэм и унафэщIу щыта, иджы Москва щыпсэу пенсионер икIи дзэ къулыкъум кьыпэрыкIыжа контр-адмирал Штыров Анатолий и тхыль цыкIум. Арщхьэкlэ псалъэмакIыр занщIэу уэкьыхьжащ - жи1ам нэгъуэщI зыри щыхьэт техьуакъым. Иджы Сахалин кьыщыкъуэкIащ а бомбитIри иту кхъухьлатэр тенджызэ щIагъым щыщIэль щIыпIэр кьыгъуэтри, США-м и псыщIагъэкIыIэ кхъухьым Америкэм ишащ. Арщхьэкlэ, нэгъуэщIхэм я псалъэхэм ятепщIыхьмэ, ЦРУ-р ащыгъэ атом Iэщхэзрэтэкъым, атIэ езы кхъухьлатэм пкърыль пкыгъуэ гуэрхэрт.

Мы хьыбарыр кыыхэткащ Хы хуэм флотым радиацэ кIэрыхуэбжьэрыхуэхэр Сахалин и гъунэгъуу Лъхьэщэ псы дыхьэпIэм деж зэрыщыбIэкIуэдам» зэрагъэпIейтейр. ИкIэм-икIэжьм унафэ къащтащ верголетым Iэщlэхуауэ щыта (1987 гъэм) РИТЭГ-р къэлъыкIуэным теухуауэ: кхъхьуир хэт зыщIэр? Абы нужькIэ зэгурыIуащ «къуэкIыпIэ жьажьэ тенджызэ я радиацэ щытыкIэр зэпымыууэ кхъапщIтэну»: хэт ищIэрэ сакъын хуейщ...

Арщхьэкlэ бомбэзэкъэм теухуа хьыбар «мыпэжу» кхъыщIэкIам аргуэру тепсэлъыхьу щIедзэжащ. Иджы ар щIрелъэу ирахьэжьажащ США-м и посольствэу Москва щыIэм и дзэ-тенджызэ атташеу я щыта Хуэтхауэзен Питеррэ Франджым и ВМС-м и дзэ-тхьыдэ кьудамэм и Iэтащхьэ Шалдон-Дюкле Александрэ.

Абыхьэм ятх: «США-м и ВМС-хэм я псыщIагъэкIуэ кхъухьэм Хэлибат, «Сивулф», «Грэйбэк», «Парче», хуэдизэм тIасхъэщIэх Iуэху тельыджэхэр ирагъэкIыжыр. Ахэращ Охотскэ тенджызым и щIагъым дамэ зытет совет ракетэхэм я пкыгъуэхэр кхыщIэзыгъуэтар 1967, 1976 гъэхэм Урыс хьатIыгум лагъымитI, «кхыщIэзыдыгъуар» икIи пеуэхуэа совет кхъухьлатэм ита атом бомбитIыр кхыдэзыхьеижар».

Укьоджэри, уогупсы: сытра пэжыр? Бомбэзэхьэм ита атом Iэщитlыр тенджызэ щIагъым кхыщIэмэ-щэ? Уи нэгу кхыщIэбгъэхьэну щынагъэщ...

ОСТРОВСКАЯ Наталье.
«Комсомольская правда»

● Нэщэнэ

Сыт апхуэдизу щIешыр?

«Московский комсомолец» газетыр щыгъуазэ зэрыкъхъуамкIэ, 2013 гъэм и дыдэгъэзэм Урысейм и авиакомпание нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым и кхъухьлатэзехуэхэр хуит ящIынукъым лажьэну. ЩIхьэусыгъэр къызэрыгуэкIщ: пилотхэр лажьащ зы илъэсым хухаха сыхьэт бжыгъэм хуэдизкIэ.

АР езым и уэчылымкIэ журналистхэм яжриIащ жэпуэгъуэм и кIэм ягъэтIыса, кхъухьлатэзехуэхэм Шереметьевэ аэропортым щаIэ профсоюзым ыкIи дзэрэу хэт икIи Ил-96-м и унафэщI Кнышов Сергей.

Авиакомпание нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым и нэгъуэщI зы пилоти щыхьэт техъуащ а хъыбарыр зэрыпэжым. Псом ящIэу ар зэгъэщIыIаУэ щытынур Казань и аэропортым щехуэха кхъухьлатэр зей авиакомпаниер арауэ ящыщIэкIынущ.

- Урысейм ТранспортымкIэ и министерствэм къыдигъэкIа 139-нэ унафэм ипкъ иткIэ, кхъухьлатэзехуэхэр хуиткъым зы мазэм сыхьэт 80 нэхъыбэкIэ лэжьэну (е нэгъуэщIу жыпIэмэ, зы илъэсым хуэзэу сыхьэт 800-м). Арщхьэкlэ лъэныкъуэхэр зэгурыIуэмэ, сыхьэт бжыгъэр 90-м нагъэсыфынущ (зы илъэсым сыхьэт 900-м). ИпэжыпIэкIэ кхъухьлатэзехуэхэм я зэхуэдитIым а бжыгъэм щIрагъэгъуащ. Хабзэм ипкъ иткIэ, ахэр хуиткъым лъэтэну. Абы кхъхьэкIыу е зрагъэгъэпсэхун е «щIым тет» лэжьыгъэ иратын хуейщ.

- Уэ зи гугъу пщIыр Тэтэрстан авиакомпанием и закъуэ?

- Хьэуэ, абы тетщ нэгъуэщI Iуэхущ Iапlэ-хэри.

САЛТЫКОВ Кирилл.
«Московский комсомолец»

Индием планетэ нэхъ ди гъунэгъу дыдэм хьэрщыр зэрадж Iэмэпсымэ егъэльатэ. Дэ-щэ?

Хэт ягугъэнт Индиер Марсым тегушхуэну?! Къэралыр кьулейкъым, жэмхэр уэрамым щохъуакIуэ, щIыхуэзр зытес лъакъуэрыгъажхэм сабэр нужь итщ. Езым и Шрихарикотэ космодромым щигъэльэтащ тонным щIигъу зи хьэлъагъ Нарадуаал зондыр. Индием Iэмэпсымэм пкъырыт пкъыгъуэ псори и закъуэ игъэхьэзыращ. США-мрэ СССР-мрэ яужькIэ, Марсыр кьэзыгъэгъуэрыщIну ещанэ къэралыр аращ. Iуэхум трагъэкIуэдар доллар мелуан 72-рэщ. Ар ахъшэшхуэкъым. Мазипщ нэхъ дэмыкIыуэ зондыр планетэ Плыжьым нэсыну кьыщIэкIынщ.

АР езым и уэчылымкIэ журналистхэм яжриIащ жэпуэгъуэм и кIэм ягъэтIыса, кхъухьлатэзехуэхэм Шереметьевэ аэропортым щаIэ профсоюзым ыкIи дзэрэу хэт икIи Ил-96-м и унафэщI Кнышов Сергей.

Авиакомпание нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зым и нэгъуэщI зы пилоти щыхьэт техъуащ а хъыбарыр зэрыпэжым. Псом ящIэу ар зэгъэщIыIаУэ щытынур Казань и аэропортым щехуэха кхъухьлатэр зей авиакомпаниер арауэ ящыщIэкIынущ.

- Урысейм ТранспортымкIэ и министерствэм къыдигъэкIа 139-нэ унафэм ипкъ иткIэ, кхъухьлатэзехуэхэр хуиткъым зы мазэм сыхьэт 80 нэхъыбэкIэ лэжьэну (е нэгъуэщIу жыпIэмэ, зы илъэсым хуэзэу сыхьэт 800-м). Арщхьэкlэ лъэныкъуэхэр зэгурыIуэмэ, сыхьэт бжыгъэр 90-м нагъэсыфынущ (зы илъэсым сыхьэт 900-м). ИпэжыпIэкIэ кхъухьлатэзехуэхэм я зэхуэдитIым а бжыгъэм щIрагъэгъуащ. Хабзэм ипкъ иткIэ, ахэр хуиткъым лъэтэну. Абы кхъхьэкIыу е зрагъэгъэпсэхун е «щIым тет» лэжьыгъэ иратын хуейщ.

- Уэ зи гугъу пщIыр Тэтэрстан авиакомпанием и закъуэ?

- Хьэуэ, абы тетщ нэгъуэщI Iуэхущ Iапlэ-хэри.

САЛТЫКОВ Кирилл.
«Московский комсомолец»

● Индие

Марсыр я плъапIэщ

... ДОЩIЭЖ совет кьэхуэтакIуэхэр Марсым щIэхьэпсу зэрыщытар, Гагарин лъэтэным зы илъэсрэ ныжьу, ди дежь щаутыпщащ «Марс 1960А». Кьайхьулакхым. Иужькlи тхуэнейрэ я Iуэху кьыкlакъым. Аратри, планетэ Плыжьым япэу нэсар американхэрщ. СССР-р лъэпэжа иужькIи, дэ Марсым и деж ди Iуэху кьыщIакIакъым.

Иджы-щэ? Мы зэманым Марсым кьыщекIухь «Кьюриостити» американ марсоходым. 2016 гъэр кьэсхьу Урысейм и планетэм хуэгъэзаУэ зы Iуэхуи илъэжьынукъым. 2016 гъэмрэ 2018 гъэмрэщ Европей космос агентствэм и гъуэсу Урысейм ягъэшIыIэ зонд, итIанэ марсоход щиутIыпщынчр.

Космос кьэхутэнигъэхэм-кIэ институтым кьыхелъхьэ 2020 гъэм и ужькIэ ди къэралыр еаым и программэм техьэжьну.

Ди ежьагъэшхуэхэр а псом ящхэ итыху, Индиер Урысейм и пIэ иуэзнейр хьунщ. А лъбакъуэгъэ а къэралым тыншу ичакъым. КьуэхьэпIэ къэралхэм я политикэр мэшхыдэ. Индкжьлышэ жеIэ: фэ фыкьулейсыз дыдэщ, итIанэ Марсым фольатэ! ЩIэныгъэ программэр мыхьэнэншэу кьалытащ, абы кхъухтэнщхэ гуэрхэр кьэрмыкIыну жаIэ. Арщхьэкlэ тельыджэр тельыджэщ: Индиер планетэ Плыжьым хуокIуэ. Индием щытекъуащIыхьри гурыIуэгъэ. Сыт хуэдизу щыхьэт ящIэ? Марсым Iэмэпсымэхэр зыгъэльэтэну зыхуэзэфIэкIыр зэкъуэтIакъуэщ. Езы Инджьлышэр апхуэдэ Iуэхум тегушхуэнукъым и закъуэ. Индиер тегушхуащ. Аращи, йофыгъуэ. Урысейм зыри жиIэркъым. Дауи, и гуапэкъым, ауэ абы кьыфIигъэжьыркъым.

АРСЮХИН Евгений.
«Комсомольская правда»

УкъулыкъущIэнумэ, къеблагъэ

● Телъыджэ

Урысейм и жылагъуэм иджыри къэс къеГъэуэ зыхъумэжьныгъэмкIэ министру щыта икIи а къулыкъум къаугъэшхуэ пылъу тракуэ Сердюков Анатолий жауэрым ирашалIэну. Арщхьэкlэ ар «Оборонсервис»-м ипэлIэ уголовнэ Iуэхум хэмыпщIауэ къыщIэкIащ. Арати, машинэ IэмэпсымэхэР щIыныкIэ федеральнэ къэхутакIуэ, гъэунэхуакIуэ центрым и унафэщI нэхъыщхьэу яГъэуващ. И уэчыл Ривкин Константин и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, ар Iэнатlэщ Iэм пэрыхьащ щакIуэгъуэм и 1-м.

ФИГУ КЪЭДГъЭКIЫЖЬЫНЦИ, 2012 гъэм щIэкIуэгъэм Сердюков Анатолий и къулыкъум тракъэкIа ищхь, хьыбар кэщIауащ ар «Ростехнологие»-м и Iэтащхьэ Чемезов Сергей и чанджэщгъуэу яГъэувауэ. Ауэ абы щыгъуэм жылагъуэм ткIийуэ кьыгъэльэгъащ ар зэримыдэр.

Къэралыр къулыкъущIэшхуэхэр хэтащ апхуэдэ щIыкIэкIэ «езыхэм я цIыхум» зыщIагъэкъуэну, ауэ абыхэм ягугъуэу къыщIэкIынукъым цIыхухэм апхуэдизу ар ямыдэу зыкъыIэтыну. Аратри, Сердюков «ирагъэгъэзэжьынхуей хъуащ. Иджы мис къулыкъущIэ: жыгIэнщи, зи гугъу тщIы центрыр а «Ростехнологие» къэрал корпорацэм хэтщ.

Дауи, Сердюков къулыкъуIэ дэкIуэриуи пхужьIэнукъым. Ауэ цIыхур зыщIыпIэ щыIэжьэн хуейкъэ? Совет лъэхъэнэм ар пщIэнэшрэшхэу къаIэпытэнкIэ хъунт. Ауэ иджы ар щIагъэкъуэншэн щыIэжькъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, гу хьэлэлкIэ Iуэхум бгъэдэт къулыкъущIэр лэжьапIэ ягъэувын хуейщ, ди хэкум и фIыгъуэ зыхэлъхэм папщIэ гугъу зригъэхьын мурадкIэ.

Иджы налог Iэнатlэм щыпэрытам хуэдэу, Сердюков хуэзфIэкIынукъым ЮКОС компаниер игъэлъэлъэжьну е Ут Плыжьым парад щригъэкIуэкIыну. Абы къыпэплъэр нэхъ Iуэху щыкIуэхэр: Арщхьэкlэ а Iуэхущ Iапlэм и сайтым уеплъмэ, псом япэу плъагъур бульдозерхэр бэдэжьду ятыну кхъыхалъхьа жьрдэмщ. Мыбдеж щыкIэ а Iуэхущ Iапlэр мэкъумэщ Iэнатlэм хуэлажьэу.

Арщхьэкlэ Сердюков и Iуэхур абдеж щиухауэ зи гугъэхэр щоуэ. Ар цIыху Iэмалышщ. Си гугъэщ абы а къулыкъум зыщимыIэжьэну. ХуэзфIэкIаи зы мазэм къурибудэу дзэм егъэщIылIа зэхъуэкIыныгъэ ин дыдэхэр ирагъэкIын. Машинэ щIын Iэнатlэр нэхъ гугъуехым. Аращи, ди дыдэм Iэнатlэм дяпэкIэ псынщIэу дыдэу зиужьнущ...

Зи къулыкъум трахуа министрым лэжьыгъэшхуэ кьыпэщытщ. Ди къэралым щыкуэдщ къамыгъэсэбэп щыIэр. Ахэр хэт хууэфмэ епщэ хъунущ. Сердюков нэгъуэщI къэралхэм щащIа техникэр нэхъ кьещтэ. Аращи, ди губгъуэхэм щытлъагъуну кьыщIэкIынущ Италием щагъэхьэзыра тракторхэмрэ комбайнхэмрэ. Ахэр зыгъэлъэжьнури Сейшель хьтIыгухэм щатха фирмэхэрэущ кьыщIэкIынущ.

БОЖЬЕВЭ Ольгэ.
«Московский комсомолец»

● Къэралхэр

Алыджым и жыпыр нэщIщ

- УэнатIэншэмэ, ахъшэ ты!

- Улахуэхэр сыт хуэдэ?

- Улахуэхэм ехуэхьэш щIадзащ пасэу. Псом хуэмыдэу гугъу ехьыр щIалэгъуэлэрщ. Зи Iэщlагъэм кууэ хэзыщIыкI лэжьакIуэхэми зы мазэм иратыр еврэ 700-щ (сом мин 30-щ). Кризисыр нэхъ куу щыхъуэм, улахуэм нэхъри кIэрыхуащ. Иджы ар зэрыхъужыр еврэ 400-500-щ, хэбгъэзыхьмэ, 300-щ.

- Ари лэжьапIэ уиIэмэ...

Пэжщ. Алыджыр лэжьапIэншагъэм етхьэгъ. ЩIалэгъуалэм и процент 70-р Iэнатlэншэщ. Арщхьэкlэ налог зэмылIэужьыгъуэ куэд щыIэщ. Абыхьэм защыпхъуэжьа папщIэ... Iэнатlэншэ ухъун хуейщ.

- Ар делагъэкъэ?

- Делагъэщ. Ауэ нэхъ делагъэжьр лэжьапIэншэжьми трагъэхъэ налогырщ! Мис ар зэрыщытыр. Правительствэм кьиныгъащ Iэнатlэншэм зы илъэсым хэхъуэу еврэ минищ кьыIэрыхьэу. Абы хэптыкIын хуейщ процент 10, нэгъуэщIу жыпIэмэ, еврэ 300. Ауэ зыщIыпсэун уиIэмэ, птын хуейр хуэдитIкIэ нэхъыбэщ.

- Дэнэ минищыр кьыздэрахар?

- Правительствэм кьиныгъэ кьыщIэкIынущ щIыхуэр щэхуу лажьэу. Апхуэдэуи щыщыт кьохьу. АрщхьэкIэ хэхъуэ еврэ минн 3 жьыхуаIэр кьыздрахар гурыIуэгъуэкъым.

Хуэмурэ ятIэщIыну я мурадщ

- Сыт уэ нужь дыдэу узыгуэзыгъэнар?

- Мис а налог дыдэхэрщ. Алыджым ущыпсэуну мыхьэнэ итэжькъым. Зэакъыдэгъэныгъэм и налогкIэ зэджэр (ар нэхъ хьэпъэ дыдэщ) кьежьащ. Илъэсым кьрнубыдэ еврэ 300-м кьыщIэдзауэ мин зыбжанэм нэс птын хуейщ.

- Сыт правительствэм тегъэщIапIэ ищIыр?

- Зыри. ИпэжыпIэкIэ а налогымкIэ кьэралым епшыныж. Алыджми Кипрми я правительствэхэм мурад ящIащ я щIыхуэр кьулейсыз дыдэ ящIурэ банкирхэм ядэпыкъуну. Ауэ Кипрым Iуэхур щыIэзфIагъэкIащ щIыхуэм и хэхъуэхэр ящубыдри. Алыджым хэхъуэхэм щеIуэсакъым, ауэ налогхэр кьыхагъэхъащ. Дауэ зэремыIуса? Щыхуэм и фэ дэмыкъуэн налог щыгъепылъхьэкIэ...

Хуабжьу дэмIуеящ игъэIэпхъуэ мыхъуэ мыгъэкъуэтрыгъэ налогыр. ПсэупIэм папщIэ зы илъэсым мин зыбжанэ птын хуейщ. УнэщIэхэр яхуэжьрыкъым.

Автомобилхэм ятелъ налогри хуабжьу дэуеящ. Уэрамхэр нэщIыкъым, ауэ дэтхэнэри зэгупсысыр а автомашинэм бензину игъэсыр зыхуэзидзырщ. Жылагъуэ транспортым и уасэми зеIэт.

- Яыныкъуэхэм альджхэр щихьэхьанэу, къэралыр ирагъэтIысэхауэ къаты-тэ.

- Щхьэхьнэкъым. Алыджхэр зы тхъэмахуэ зэхуакъм сыхьэт 40-кIэ мэлажьэ. Апхуэдэу жызыIэр зымыщIэхэращ: алыджхэр жьыуэ лэжьакIуэ макIуэри, сыхьэтиплIым Iуэхущ Iапlэм къыщIокIыж.

- Сымаджэщхэр-ш? Зэгуэр сыщыIат альдж поликлиникэми, слъэгъуар снгу ирихьакъым.

- Иджы нэхъ Iенжщ. Дохутыр куэдыр сымаджэщхэм щыIэжьхэмкIыркъым.

- Ар дауэ?

- Дохутырым кьыIожеIэ: «Си унэ накIуи, сыноIэзэнщ». Медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэхэр мащIэ дыдэщ. Ауэ зи Iуэхур зэтеуба дохутырым еврэ мининщIхэр кьыIэрохьэ.

- Алыджым кьызэтенэну?

- ПсэущI къэралыр мыкъуелейсызу. Ауэ Евросоюзым хьыкащ. Абы и зэранкIэ экономикэм и Iэнатlэ щхьэхуэхэр зэхуащIыжащ. Сыт, жаIащ, Европэм ильдж щIыпIэхэр зэрыщIынур? ИтIанэ мэкъумэш Iэнатlэми хуэмеижь хуауэ - псори Мысырым е Мароккэм кьраш. Ауэ банкирхэм я Iуэху кьыжьащ. Аэр кьулей дыдэ хъуащ.

Алыджым тынщу зиужьыжьыфынукъым, уеблэмэ, Евросоюзым кьыхэнэмэ, кьызэфIэмыувэжьыфыхэнкIи хъунущ.

АРСЮХИН Евгений.
«Комсомольская правда»

● Дзэ

Шэсыпlэ иувэнцхэр къалъыхъуэ

Бжьыыхьэр щIалэхэр дзэм щрадж эмащ. Иджы ныбжьыщIэхэр хабзэщIэхэм тету ягъакIуэ. ЗыгъэльэгъуэмэжьныгъэмкIэ и министр Шойгу Сергей и унафэкIэ Кавказ Ищхъэрэм и республикхэм щыщхэр дзэм ираджэнукъым абыхэм щхьэкIэ цIыху щIрыгъэгъуэ икIи щIыгъуэ зыхуэпсынкIэ имыувэмэ.

КъУЛЫКЪУ езыхьэкIынум Iей зэримыщIэнумкIэ щэсыпIэу щыт тхыгъэр, псалъэм папщIэ, Осетие Ищхъэрэм щат мэхъу дзэм езыдзэ комиссэм и унафэщIым е жылагъуэ зэгухьэныгъэм ящыщхэм. ШэсыпIэ нувэхэр зэкIэ зэхыхьауэ кьыхах кьудейщ икIи мы Iуэхум кьрикIуэнум утепсэлъыхьыну иджыри пасэщ. Хэбгъэзыхьмэ, щалэщIэ кхуэдиджыри щыгъуэзэхьмэ гъэзэжа хабзэм.

- Дзэм кьулыкъу щызыщIэ щIалэр абы щхьэкIэ шэсыпIэ иувэнуэм щыхуэныкъуэнур жьыIэмыдаIуэмэщ. Зыгуэр кхъхьумэ, ахэр дзэр здэщIыIэм кIуэу я лъахэгъуэ суцIен, частым и унафэщIым епсэлъэн хуейщ, - жиIащ республикэм и дзэ комиссар Гаджиев Тагир.

ШэсыпIэ нувэхэм я тхылъ ямыIыгъыу Кавказ Ищхъэрэм щыщхэр дзэ кьулыкъум яшэнукъым. Осетие Ищхъэрэ-Алание щыщ щIалэхэм апхуэдэ тхылъхэр кхыIах хъунущ «Стыр Ныхас», «Тэрч къэзакъ обществэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм. Аращи, адэ-анэхэм я мызакъуэу, абыхэми жэуап яхьынущ дзэм ираджа щIалэм и хьэл-щэнымкIэ.

Мы гъэм республикэм щыщу 800-м щIигъу ираджэнущ. Дзэ кьулыкъур абыхэм кьахуэщхьэпэнущ гъащIэм нэхъ хэзэгъэн папщIэ.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светлана.
«Российская газета»

● Куржы

Пащтыхьым къигъэзэжрэ?

Куржым и премьер-министр Иванишвили Бидзинэ езым и фIэфIу политикэ утыкум ЮкI. Абы езым и кьулыкъур ирет и гъэсэн икIи и лэжьакIуэ, Сорбоннэ и диплом зиI Гарибашвили Иракли.

МАЗэ зыбжанэкIэ Бидзинэ дэлэжьа социолог Горгиладзе и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, Иванишвили дзыхьяхунщIыкъым иджырей куржы политикхэм, абы кхыхьа кIыуи кьулыкъухэм егъэув езым хьэрычэтыщIэ лэжьыгъэхэмкIэ кьыпыщIаХэр.

А псоми политологэм ягу кьыгъэIыжащ Саакашвили Михаил кьызэрыщIидзаУэ щытар. Абыи кьулыкъушхуэхэр яритырт хьэрычэтыщIэхэм е нэгъуэщI кьэралхэм щеджа куржы ныбжькъущIэхэм.

Илъэс 31-рэ зи ныбжь Гарибашвили Ираклий къэралым и МВД-м и унафэщI хьауащ нэгъабэ екIуэкIа парламент хэхьныгъэхэм яужькIэ. Абы щыгъуэм бжьыпэр иубыдаш Иванишвили Бидзинэ и кьызэригъэпэща «Куржы хьэпсапI» коалицэм.

Псоми кьальытэ Гарибашвили мыЕеIу и кьулыкъум пэрыгъэ. Сыт хуэдизу щыхьэт ящIэ? Мы зэманым Iуэхуэдизу щыхьэт ящIэ, абыхэми жэуап яхьынущ дзэм ираджа щIалэм и хьэл-щэнымкIэ.

Мы гъэм республикэм щыщу 800-м щIигъу ираджэнущ. Дзэ кьулыкъур абыхэм кьахуэщхьэпэнущ гъащIэм нэхъ хэзэгъэн папщIэ.

ЕМЕЛЬЯНОВЭ Светлана.
«Российская газета»

● Ингуш

Хабзэжьхэм поув

Ингушым иджыблагъэ щекIуэкIа муслъымэн конференцым унафэ кьыщIа псоми аслъэпхъэ дыгъуэм (хьыным) хэпщIа псоми аслъэпхъэ дыгъуэм (хьыным) хэпщIа псоми аслъэпхъэ етхьэкъуным хуейщ.

БЭЫЛЪХУГЪЭР зыдыгъуари, абы дэIэпыкъуэхэри, уеблэмэ щIалэмрэ хьыджэбзымрэ я Iыхьлыкэр зэзыгъэIужыну яужь ихьа дин лэжьакIуэри тезырыншэ хьунукъым. Абыхэм ахъшэшхуэкIэ етхьэкъунущ. Къуэду тралъхьэнущ хьыджэбзым и Iыхьлыхэм я пэшхьэ нэчыхь хуратэхъыну арэзы хьуми.

ЗэIуцIэм хэтащ духьэшыхэр, депутатхэр, хьэкумэщIхэр, кьулыкъущIэхэр, республикэм и жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр.

Псори кьызыхъкIар Ингушым хьыджэбзхэр щадыгъыныр зэрызыхамэнэрщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Насыр-Корт къуажэм и закъуэ зы илъэсым кьриубыдэу апхуэдэ Iуэхуибгъу кьыщцыхъуащ. Лъэныкъуэхэм яку лъыгъажэ кьыщцдэхьуи щыIащ

Нэхъыбэрэ яхьыр хьыджэбз ныбжьыщIэ дыдэхэрщ, зыдыгъухэри зи акъылыр мытIыса щIалэщIэхэщ. Хьыджэбзхэр ямыдыгъуну ткIийуэ кьыщагъэувар а Iуэхум зэрыкI кьыхэкIа нэужьщ. Назрэн щыпсэу щIалэм мурад ищIащ аджьхэм я хабзэм тету фыз кьишэну. АрщхьэкIэ хьыджэбзым и Iыхьлыхэм щIалэр кьадакъым. УнагъуитIыр зэзуащ. Зэныкъуэкъум цIыхуищ хэкIуэдащ.

Мыслъымэн диным идгъэкъым хьыджэбзхэр ядыгъуу.

ГурыIуэгъуэщ яхьа цIыхубзым хабзэкъымэхэм захуигъаазэмэ, лей зэзыхьам кьызэрыщIэмыкIуэнур - ар лъэхъэщым кьыщIэхутэнкIэ хъунущ.

АтIэ ахъшэшхуэкIэ етхьэкъумэ, щIалэхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ нэхъ зэтеубыда хъунущ пIэр?

Мыслъымэн зэIуцIэм кьыщащта унафэм ипкъ иткIэ, хьыджэбзхэр зыдыгъуам кьуэдыуэ сом мин 200, абы дэIэпыкъуам сом мин 100, нэчыхь хуэзытхами апхуэдизэ ятын хуей хъунущ.

Хьыджэбзым и Iыхьлыхэм я пхъыр щIалэм иратыну арэзы хъуми, щауэм сом мин 200 итын хуей хъунущ и нэчыхьыр хуатхьи и пэ кьихуэу.

Дэнэ здахьынур кьуэдыуэ кьыхаха апхуэдизэ? ЗэIуцIэм кьыщцыхалъхьащ ар Сабий унэм иратыну.

ЛАРИНЭ Аленэ.
«Российская газета»

● Бразилие

Дыэрыщыгъуаэзэщи, 2014 гъэм футболымкIэ чемпионатыр Бразилием щекIуэкIынущ. Футболыр фIыуэ зымылъагъу а къэралым иу къыщIэкIынкъым, ауэ чемпионатым зыхуаГъэхъэзырыным трагъэкIуэдам щIыхуэр игъэгубжьащ. Бразилием и президент Роуссеффи Дилмэ правительствэм ЩIэжкIа щIыуагъэр игъэзэкIуэжу щIыхуэр игъэсабыркъыну къыпэщылъщ.

● ДифI догъэлъапIэ

ЕджапIэм и щIыхьыр зыIэта Къумахуэ Хьэзрит

(Лэскэн районым хыхьэ (Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм дэт курыт школым и егъэджакIуэ, ущиякIуэ щэджащэ, илъэс куэдкIэ и Іэщіагъэм хэпэжу (Іэжьы Къумахуэ Хьэзрит еджапIэм къыщыхьэринэжа илъэс бжыгъэ дахэр егъэгъапIэ.

ХЬЭЗРИТ 1955 гъэм, мэлыжьыхьым и 22-м (Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм ящыщ)хъуащ. Школыр кынухри, Къэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым тхыдэмкIэ и кIудамэм щIэтIысхьащ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъэуэта нужькIэ, щалъхуа къуажэм кынгъэзэжри, 1975 - 2013 гъэхэм курыт школым щылэжьащ. ЕгъэджакIуэ гъуэгуанэм къару бгъэдэлъу, лъэ жану кыхьэтена пэтми, зыкъомым я жагъуэ хъуэ икIи куэд кьыхуэныкъуэу пенсэм кIуащ. Школым и щIыхьыр къэзыIэта, гу кьабзэкIэ и лэжьыгъэм бгъэдэта лэжьакIуэхэм гъэтепсэлыхьащ къуажэ еджапIэм иджыпсту и унафэщI Гъурэ Замирэ:

- Ямэ илъэсхэм щыщIэдзауэ хьэлэмэтыныгъэ куэд кьэзыхутэ егъэджакIуэу зыкъыгъэлъэгъуащ Къумахуэ Хьэзрит. ЗэфIэкIыщхэу бгъэдэлъу, щIыхь Іущу зэрыщытым кьыхьэкIкIэ, илъэс бжыгъэкIэ ар школ унафэщым и къуэдзэу гъэжащ. Сабийхэм ятеубгъуэу сытым дежи ар екIуэкIащ. Хьэзрит и методикэр хуабжу хьэлэмэтт, нэгъэсауэ дахэт, узыIэпIэныщэ къэхутэныгъэ куэдхэри хэту. Абы иригъэджа сабийхэм мызэ-мытIэу жаIэу зэхьбох: «Тхыльым итым дэр-дэру доджэ, газетым тетым Хьэзрит кыытхуоджэ».

Адыгэ мэкъумэщышIэ унатIуэу кьыхэнIауэ, гъэсэныгъэм щIэныгъэм хуэрэ зэрыбгъэдэтым кьыхэкIкIэ, Къумахуэ Хьэзрит и Іуэху епIыкIэр сытым дежи адыгагъэм ирепх. Дауи, ар зи егъэджакIуэ сабийхэри куэдкIэ нэхъ губзыгъэт, псэльэкIэ, гупсысакIэ дахэхэр зэрагъэми щэч льэпкъ хэмылъу.

И зэфIэкIымрэ и дуней тетыкIэмрэ кьалъытэри, Къумахуэм кьыхуагъэфэщащ щIыхь зыпыть дамыгъэ зыбжанэ. Абыхъэм яхэтщ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм и щытхъу тхылъыр. Хьэзрит кьафIащащ «Щыхьэ егъэджэныгъэм и отличник» цIэр.

Иужьрей илъэсхэм и щIэныгъэ куур зэщIикъужку Къумахуэ Хьэзрит дэтхэнэ зыми кьытхуигъэльэгъуэжащ ди блэкIамрэ кьэкIуэнымрэ щыIуэзэ дыщыщIыщIи Іуэху щыкъэпэжэр. ЩIэныгъэ нэзым ебакъуэ іэжьыгъэхэр зэригъэзэщIам кьыхэкIкIэ, Къумахуэм щыкъуащ щыхуэхуэсыжащ зауэ зэманым кьатха письмо зэмылIэужьыгъуэхэр, унафэщIуэхэм ярыпх Іэнатlгъэкъэхэр, зауэм хэкIуэдахэм я цIэ, унэцIэхэр зэрыт тхылъыщхуэхэр, езым зэригъэпэщыкъуэ ялыгъэ зезыхьахэм я сурэтхэр, жьы дыдэ хъупами, гукъэкIыжхэр зыщIэзыкIыуэж тхылъ льапIэхэр. Унагъуэ щхьэхуэхэм кьыщIэлъэуужа письмохэр ди блэкIкIа кьэзыщIэтэж бльным щыдогъэльапIэ.

Илъэс 45-рэ щыкъым щызыгъэкIуэ, дызыущия Къумахуэ Хьэзрит и лэжьакIэ дахэм, и псалъэ шэрыуэм, и гупсысэ кьабзэм ноби дыхэныкъуэщ. ЩIэныгъэ зыбгъэдэль щIыкъум льэужьыфI кьыпхуигъэнэным нэхъыфI сыт щыIэ?! Мис а музей пэщри Хьэзрит щыкъым къыщигъэна льэужьыщ. Льэужь кIыхь, льэужь узынщэ хьуну, Алыхьыр фIыкIэ кьыхуэупсэну ди гуапэщI

МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэ.

● Гъуазджэ

Дагъыстэн артистхэр къыддогушэ

Капиев Эффенди и цIэр зезыхьэ Лак къэрал макъамэ-драмэ театрым (Дагъыстан) и артистхэр ди республикэм щыIащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым абыхэм кьашат классикэ драматургием щыщ тхыгъэхэм кьытращIыкIа спектаклитI: Шекспир Уильям и «Ромео и Джульетта»-мрэ Лоркэ Гарсие и «Дом Бернарды Альбы»-мрэ. Ахэр щагъэльэгъащ Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым.

Лак театрым и художественэ унафэщI Магомедгаджиевэ Бадижат пресс-конференцым щижкIащ и спектаклхэм кьыщIытеуВыIар: «...Ахэр лъагъунгъэм теухуащ. Зыгуэр фIыуэ ппыгъэнуф, узэи укъаплъагъуныр щыкъум и хъуэпсапIэхэм ящыщ, уеблэмэ, абы щытекIуадэ къэхъуми».

Лак театрым и артистхэм гукъынэж ящыхъуауэ ди гугъэщ ди республикэм зэрыщыIа махуэхэр. Абыхэм я щIыхькIэ екIуэкIа зэIущIэм КЪР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан зи унафэщI Іуэхущапіэм кьыбгъэдэлъ щIыхь тхылъхэр Магомедгаджиевэ Бадижатрэ актрисэ Динмагомедовэ Жинэсэтрэ яритащ.

ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.

● Іэпщэрыбанэ

Ди щIалэхэр нэхъ лъэщт

Урысей Федерацэм Спортымкlэ и министерствэр, физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыналъэ ІэнатIэхэр кьызэрыгъэгъэпэщрэ илъэс 90 зэрырикъум теухуа Іэпщэрыбанэмкlэ Азием и чемпионат зэІуха Налшык дэт университетым спорт комплексым щыбгъэкIуам щекIуэкIащ. Ди спортсменхэм абы щызыIэрагъэхьащ дыщэ медали 4, дыжьыну 2.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ Совет Союзым и спортымкIэ щытахэм, США-м, Перум, Афганистаным, Ираным, Иорданым, Монголием я спортсмен 100-м нэблагъэ. ПщIэ зыхуащIу кьаргъэблэгъа щIыхь зиI зэхьщIэхэм ящыщщ алыджэрым бэнэкIэмкIэ олимпийскэ чемпион Хьэщт Аслъэнбэч.

ПщэдджьжьыМ зэхьэзэхуэхэм щIидзэри, пщыхьэщхьэм екIуэкIыну кIэух зэпеуэм хэтынухэр наIуэ хъуащ. Ар дахэу, дэтхэнэми дрэжьгъуэ кьезыту кьызэIуахащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и Іэтащхьэм и щхьэ зэпеуэм хэтхэмрэ хьэщIэхэмрэ фIэхъыс псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ КЪР-м спортымрэ туризмэмкIэ и министр АфIэунэ Аслъэн, абы и кьуэдзэ Мамхэгъ Хьэчим, сыт щигъуи мылъкукIэ закъыщIэзыгъакъуэ спонсор зыбжанэм хуагъэфащащ.

ХьэщIэхэм, спортсменхэм, зэпеуэм кIэлъыплъыну ЩIэныгъэ, спорт, физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщI Бэзэд Беслъэн. Укуэныгъэ лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIащ школым и тренерхэмрэ адэ-анэхэм я комитетым хэтхэмрэ.

Наршэуэ Артур зи унафэщI Налшык кьалэ округым физкультурэмрэ спортымкIэ и комитетым и спорт школым щыхьэрым и щыпIэ псоми кьынкI сабий 750-м спорт лIэужьыгъуи 9-м зыщыхуагъасэ. Школыр зэрызэрагъэпэщыжрэ дэкIа зэман кIэщIым кьриубыдэу футбол, бокс, столыщхьэ теннис, шабэкIэ уэн, алыдж-урым бэнэкIэ, нэгъуэщI спорт лIэужьыгъуэхэм ехьулIэныгъэхэр щызыIэригъэхьащ.

Классикэ бэнэкIэм щхьэхуэу кьытеувыIапхьэщ. УФ-м щыхьэ зиI и тренер Къэрэгъулэ Анзор, категорие нэхъыщхьэ зиI и тренерхэу Хьурзокъуэ Валерэ, Гъуэпльащэ Тlэхьир, тренер Мамий Сэфарбий сымэ я нэIэм щIэту нобэкIэ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ залым сабий 150 йокIуалIэ. Махуэ къэс сыхьэти 8-кIэ зыгъэсэныгъэхэр йокIуэкI. Зыхуеину спорт Іэмэпсымэхэр адэ-анэхэм, кьалэ спорт комитетым кьащэхуащ.

ЕхьулIэныгъэхэм куэдрэ зыпагъэпIалъкъым. Куэд щIакъым Урысейм пашэныгъэр кьыщыхьыныным и нобэкIэщIэхэм я зэхъэзэхуэ Краснодар крайм зэрыщIекIуэкIрэ. Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыхьыр абы щахъумащ «классик» нобэкIэщIэ 11-м. Абыхэм ящыщу 8-р Налшык спорт школым и Іэнатlгъэ. БэнакIуэ нобэкIэщIэхэм зыхьзыгъэлъэгъуащ икIи яп зэ увыпIэу 2, етIуанэу 1, ещанэ зэпIитlтlзыIэрагъэхьащ. Кьэралым пашэныгъэр кьыщыхьыныным зэпеуэм щытекIуащ Хьэжэнэгъуей Елдарэрэ Куэцэ рэджыIакIуэхэу Хьэхъуапащ Іэ Амырхъанрэ Къуэдз Алимрэ.

АдэкIэ зэхьэзэхуэ гуащIэм щIидзащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменхэм утыкум екIуу зыкъыщагъэльэгъуащ. Я Іхьэлъагъ елыгтауэ ахэр кIэух зIущIи 6-м хэтащ, дыщэ медали 4, дыжьыну 2 зыIэрагъэхьащ.

Биттиров Ахьмэт (кг 55-рэ) и хьэрхуэрэгъуу щыта къэзахъ Назиров Дауренрэ (бжыгъэр 4:14) зэIущIэр яухри, хьэщIэм бжыпIэр нубыдащ. КIэух зэпеуэм Тхъэкъуахъуэ Мартин зыIущIари Къэзахъстаным и лIыкIуэрщ - Мукашев Улан (кг 65-рэ) - икIи бжыгъэр 7:5-уэ ди щIалэм текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ.

Іэпщэрыбанэмкlэ дунейпсо чемпион Беслъэнэй Нурмухьэмэд (кг 75-рэ) Іэмал гуэри кьыхуимыгъанэу Украинэм щыщ и хьэрхуэрэгъур хигъэщIащ. АфIэунэ Аскэрхъан (кг 80) екIуу пщIэтащ къэзахъ бэнакIуэ Атабаев Рустам икIи зы дакъикъэм кьриубыдэу текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ. КъыкIэлъыкIуэу утыкум кьихьащ хагъэщIа спортсменым и лъахэгъу Мадинов Раян икIи Борэн Алим (кг 85-рэ) кьефIэкIащ. Шорэ Альбертрэ (кг 90) Украинэм щыщ Сингур Павелрэ я зэIущIэри гуащIэу щытащ.



кьызэхуэсахэм я гукъыдэжыр кьалэтащ «Кабардинкаи» къэрал къэфакIуэ ансамблым и къэфакIуэхэу Къуэныкъуейхэ Иринэрэ Алимрэ, КЪР-м щIыхь зиI и артист Уныж Мурат зи унафэщI сабий ансамблым, Макъамэ театрым и уэрэджьIакIуэхэу Хьэхъуапащ Іэ Амырхъанрэ Къуэдз Алимрэ.

АдэкIэ зэхьэзэхуэ гуащIэм щIидзащ. Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменхэм утыкум екIуу зыкъыщагъэльэгъуащ. Я Іхьэлъагъ елыгтауэ ахэр кIэух зIущIи 6-м хэтащ, дыщэ медали 4, дыжьыну 2 зыIэрагъэхьащ.

Биттиров Ахьмэт (кг 55-рэ) и хьэрхуэрэгъуу щыта къэзахъ Назиров Дауренрэ (бжыгъэр 4:14) зэIущIэр яухри, хьэщIэм бжыпIэр нубыдащ. КIэух зэпеуэм Тхъэкъуахъуэ Мартин зыIущIари Къэзахъстаным и лIыкIуэрщ - Мукашев Улан (кг 65-рэ) - икIи бжыгъэр 7:5-уэ ди щIалэм текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ.

Іэпщэрыбанэмкlэ дунейпсо чемпион Беслъэнэй Нурмухьэмэд (кг 75-рэ) Іэмал гуэри кьыхуимыгъанэу Украинэм щыщ и хьэрхуэрэгъур хигъэщIащ. АфIэунэ Аскэрхъан (кг 80) екIуу пщIэтащ къэзахъ бэнакIуэ Атабаев Рустам икIи зы дакъикъэм кьриубыдэу текIуэныгъэр зыIэригъэхьащ. КъыкIэлъыкIуэу утыкум кьихьащ хагъэщIа спортсменым и лъахэгъу Мадинов Раян икIи Борэн Алим (кг 85-рэ) кьефIэкIащ. Шорэ Альбертрэ (кг 90) Украинэм щыщ Сингур Павелрэ я зэIущIэри гуащIэу щытащ.

Ар ди лъахэгъум и текIуэныгъэкIэ нухащ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ тренерхэу Мамхэгъэ Хьэчимрэ Іэдэмрэ, Дыджэ Алим сымэ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

● Футбол

Ипщэ щыхьэрым щытокIуэ

Бахьсэн и футболистхэм «Ипщэ щыхьэрым и кубок», медалхэр, щIыхь тхылъхэр Сочэ кьыздрашащ.

«ИПЩЭ щыхьэрым и кубок»-р къэхьыным теухуауэ 1998 - 1999 гъэхэм кьалъуа нобжьыщIэхэм я зэпеуэ Сочэ кьалэ щекIуэкIащ. Бахьсэн кьалэм и сабий-нобжьыщIэ спорт школ №3-м и футболистхэр абы нэхъыфIу кьыщалъытащ.

КIэух зэIущIэм бахьсэнэдэсхэм Волгоград и «Олимп»-р хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхьуащ. Бжыгъэр 5:0-у ар хитащIэри, КЪР-м и командэм бжыпIэр иубыдащ.

Дыджэ Астемыр зэхьэзэхуэм нэхъыфIу кьыщалъытащ. Спортсмен нобжьыщIэхэм я тренерщ Пщыхьэщ Тимур.

ТЫЩЭ Элинэ.

Гъуэгуанэ купщIафIэ

Май кьалэм дэт сабийнобжьыщIэ спорт школыр кьызэрызэIуахрэ илъэс 40 зэрырикъур нгъэльапIащ.

АБЫ иджыпсту йокIуалIэ, кьалэм и мызакъуэу, районым хиубыдэ адрей жылагъуэхэми икIыу сабий 500-м нэблагъэ. Махуэ кьэс мэлажьэ футболымкIэ, дзюдомкIэ, боксымкIэ, атлетикэ псынщIэмкIэ, урым-алыдж бэнэкIэмкIэ, псы есынымкIэ къудамэхэр.

Илъэс 27-рэ хьауэ ДЮСШ-м и унафэщI категорие нэхъыщхьэ зиI Колесников Александр кьызэрыхигъэщамкIэ, а зэманым кьриубыдэу мы школым спортымкIэ мастеру 6, спортымкIэ мастерым и кандидату 53-рэ, япэ разряд зиI и спортсмену 85-рэ щагъэхьэзыращ. Иужьрей илъэсхэм абы кьэкIуалIэхэм я бжыгъэм хэхьуэ зэпытщ. Псом хэмыдэу нобжьыщIэ куэдым я зэфIэкI щагъэунэху футболымкIэ, боксымкIэ, бэнэныкъо секцэхэм.

Гъэсэнхэм кьадэлажьэ тренерхэм я Іэщіагъэм фIыуэ хащIыкI. Абыхэм яхэтщ лэжьыгъэ гъэуганэ кIыхь кьезыхьэлIэхэри.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Дэ кьытхуатх

Сабийхэм я тыншыпIэ

Къамылыкъуэ къуажэм дэт сабий садым илъэс 40-м нэблагъэуэ и унафэщI, РСФСР-ми СССР-ми щыхубзэ щIэныгъэ егъэгъуэтыныжкIэ я отличник Токъуей Марие зэрыжиIэмкIэ, мы зэманым сабий 130-рэ я гъэсапIэм кьокIуалIэ, я нобжьыр илъэси 2-м кьыщыщIэдзауэ 7-м нэсу. Ахэр сыт и лъэныкъуэкIи зэрыхуагъэзэным яужь итщ мыбы щылажьэхэр.

АПХЭУЭДэ екъулIэныгъэхэр гъэсапIэм иIэныр куэдкIэ елытауэ кьыщыхохьу унафэщIым, абы кьыхэкIкIэ сфIэтэмэщ Токъуей Марие нэхъ гъунэгъуу фэзгъэщIыхуэм. Ар ШэджэкIуаем кьыщалъхуащ, курыт еджапIэр, педагогикэ училищэр, хамэ кьэралыбзэхэр щаджжу Псыхуабэ дэт институтыр фIы дыдэу кьнужащ. Іэщіагъэ зригъэгъуэтамкIэ ШэджэкIуаем Къамылыкъуэ щыIэжащ. Марие и гуащIэ ирихьэлIащ 1975 гъэм Къамылыкъуэ гъэсапIэр кьыщыщIэдахьым. Ар фIыуэ ноби ящIэж къуажэ унафэщIу а зэманхэм щытахэми, зи ныбжьыр хэкIуэтауэ жьыпм дэсхэми.

Мы сабий садыр кьуажэкум хуэзэу щытщ, школым кьыбгъурытщ. Зи пщIантIэ хуитым, щхьэантIагъэр щыкуэдым удыхьамэ, зы таурыхъ тельыджэ укъыщыхутауэ кьыщпсоху. Псым тет кьхъуныр, мывэкIэ дэщIея чэщанэр, абы тес бгъэрэр, пхъэм кьыхэIущIыкIа бжэнхэр, кьаэхэр, бабыщхэр, псыкIыпIи бгъэдэт хьыджэбзыр - а псори нитъэгуфIащ.

Марие зи унафэщI Іэхъущапіэ кьатитлI зэтетым и пэшхэр зэдгъэльэгъуащ. Уэс чэсейм хуэдэу кьабзэ тепIэнхэр зэрыльтэ гъуэлъыпIэхэм «фыкъакIуэ, щыкIухэ, дыфпоплъэ» жаIэ хуэдэщ. Сабийхэр щагъасэ, щраГъаджэ пэшхэри я кьалэнхэм тещIыкIыу я кьыхэгъэпэщащ: адыгэ, урыс хьэрфхэр зэрырагъащIэ тхылъымпIэхэмкIэ, псэущхьэхэм я сурэтхэмкIэ блынхэр гъэнщIащ. ЩыгъуэгуфыкIащ адыгэ макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ мы гъэсапIэм щылажьэхэм зэрамыхэмэ.

- Сэ илъэс куэд щIауэ Къамылыкъуэ сабий садым сыщолажьэ, - жеIэ Зэиф Нусэ. - Ди джэгупIэ пэшхэр, кIэльиндорхэр, блынхэр сэбэп хэлъу зэрыдгъэщIэрэщIэным сыт щыгъуи дыхущIокIу. Псалъэм пащIэ, адыгэ уэрэм ятэм иIа тепIэгъэ - бгъэнэщыкъуэ, ныбжьыкъуэхэр кьэхухьа щIапIэхэр; щIыхьхэр щыпщафIэу щыта жьэгуфэр, я хьэкъущыкъуэхэр, зэрахьэу щыта фащэхэр - мыхэр псори сурэткIэ кьэгъэльэгъуэуэ щIыкIуэр ди тхыдэм хьыдоГъэгъуаз». А псор, шэч хэмылъу, сабэпыщхуэ мэхъу сабийхэм я анэдэлъхубзэр, уеблэмэ хабзэр, тхыдэр, щалъхуа я хэкур фIыуэ ящIэнымкIэ. Апхуэдэ іэхьыгъэ мытыншым дыпэрытми, сабийм ядэтгъагъу гуфIэгъуэм ди Іэ-ди пъэр жан ещI.

Дзэлъкъуэ щыIанатьэм и къуажэхэм дэт сабий Іуэхущапіэхэм щылажьэхэм я зэфIэкIым илъэс хэгъахьуэ зэпытщ. Школым зэрыщеджнум сабийхэр зэрыхуагъэхьэзырыр абыхэм наIуэу кьыщагъэльагъуэ зэпеуэ, фестиваль зэхуэмыдэхэм. Кьамылыкъуэ сабий садым и гъэсэнхэри зэхъэзэхуэхэм гукъыдэжьыщхэр яIэу, жьыджэру, и нэхъыбэм текIуэныгъэр кьыщахьу хэтщ. Абыхэм ящыщщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ зэпеуэм и щIыпIэ зэхъэзэхуэр, «Си анэдэлъхубзэр - си гушIащ, си дунейщ» фестиваль, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэхэм япэ увыпIэхэр, щIыхь тхылъхэр, ахьшэ саугъэтхэр кьапокIу. Ар куэдкIэ я фIыщIэщ адэ-анэхэм хуэдэу псэ хьэлэмкIэ сабийхэм ябгъэдэт гъэсакIуэхэм, щиякIуэхэм. Апхуэдэхэщ Кьанокъуэ Эмма, Лидэ, Хьэщхъуэжьаз Рае, Масирэт, МахуэлI Анжелэ, ЦIыпIынэхэ Надеждэ, Маринэ, Тау Маринэ, Кьанкъуэ Дмитрий, кьуэат зыщIэлъ ерыскъы Іэфlхэр щыкIуэхэм хуэзыгъэхьэзыр Къуэдзокъуэ Ларисэ сымэ.

... Дахэщ, гуп, псэр, ящхьэу щхьэантIагъэм зэщIипха, фочыкум хуэдэу заншIэу яхъ Кьамылыкъуэм и уэрам хуитхэм. ПщэдджьжьыкъэС адэ-анэхэм, нанэхэм, дадэхэм я Іэрфэнхэр апхуэдэ дахагъэм хэту гъэсапIэм, сабийхэм я етIуанэ унэм, кьэршащIэр. Псалъэ гуапэкIэ я цIыкIуэм сыт щыгъуи кьапокIыжащ Гъэкъуэгъэ.

СОКЪУР Жамболэт.

● Алыдж-урым бэнэкIэ

Ныбжьыщ Іэхэм я зэфIэкI лъагэр

Аскэрфэчрэ, Псэун Вячеслав дыжьын медаль кьихьащ, ШоджэН Исламрэ Къэрэгъулэ Анзоррэ жэз медалхэр кьалыдсащ. Спортсменхэр абы игъэгушхуащ, ерыщу япхэ зэрыкIуэтэным, льаганIэ зэхъэзыхуэкIуэнымкIэ дэрэжьэгъуэ кьахилъхьащ. Тренерхэр я Іэгъэзэнхэм я зэфIэкIым ирогушхуэ, кьэжкIуэнум куэдкIэ щогуфэ.

Спортсмен нобжьыщIэхэм кьапоплъэ я зэфIэкIрэ кьарурэ щагъэльэгъуэн зэпеуэхэр. Зи Іэщіагъэм хуэІэнжь тренер гъуэзэджэхэм я нэIэм щIэт, кьалэ спорт комитетымрэ адэ-анэхэм я комитетымрэ сыт щыгъуи зи щIэгъэкIуэн спортсмен нобжьыщIэхэм зэхьэзэхуэ зэмылIужьыгъуэхэм текIуэныгъэ, льаганIэщIэхэр зэрыщыщIэрагъэхьэнум щэч кьытетхьэркъым.

УАРДЭ Женя.

Ди газетым и кьыкIэтлыкIуэ номерыр кьыщыдэкIынур щэкIуэгъэщ и 23-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэнан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэцэмыщ Иэз.**

КьыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КЪР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и уэрам, 5, егъэцIыкIуэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ льэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ іэщIапIэ зэрыщIэкIыным и экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущапіэхэм ядлежьэныныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIаКIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапіэм и - 42-26-41; суратехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытехэм я псу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епIыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэльщ КЪР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хутныныгъэр хьэмэныжкIэ Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ Іуэхущапіэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КЪР, Налшык кьалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкl Соня, редактору Жылаго Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 4, 5-нэ нап.)*, ПхыгIыкI Азэмат *(1, 3, 6-нэ нап.)*. Корректорхэм я Іэпыкъуэгъу Мырэзкан ФатIимэ. *Компьютер Іэ газетым и тепIэр щIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *суратхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тradзэм хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2924